The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

Vol. 1 No. 1 Takamirira . . . kuonekwa kwokubwinya kwaMwari wedu mukuru noMuponesi Jesu Kristu --Titosi 2:13 2006

"Batisisa!"...Ishe Varikuuya Nokukurumidza

NaG. Campbell Morgan

Kuti unyatsonzwisisa nyaya inotevera tanga waverenga Zvakazarurwa 3:7-13].

Hariziri simba guru kana hwakawanda upfumi zviri kudanidzirwa naKristu kukereke yake mazuvano asati adzoka kudai. Chiri kudiwa kuvimbika kukuru kwaari uye kuteerera kukuda kwake uye nokupinda kumikana yebasa yaanotipa.

Vachinyorera Kereke yePhiladelphia [Zvakazarurwa 3:7-13]. Kristu havana mashoko mazhinji avanotaura, kunze kwokutenda nedanidziro, yokuchengetedzwa kwavo kubva kudzinjodzi nokuidzwa kuri kuuya mupasi rose. Ngatimbonyatsotarisisa kuti nemhaka yeiko Kereke iyi yakawanikwa yakakodzera kupiwa aya manzwi edanidziro nemubairo kubva kuna Kristu. Philadelphia yaive Kereke yanga yakangofanana nemamwe makereke enguva iyoyo, ayo airarama pakati-kati pouori hwouhedheni uye yakatendenedzwa memasimba aivavarira kumedza masangano ose aitenda munaJesu Kristu – uyo ari Kumuka Kuvakafa. Zvisinei,zvazvo kwairi, Ishe vanozvidanidzira mabatirwo ebasa muumambo noutongi hwavo: *"Aya ndiwo mashoko aiye mutsvene uye wechokwadi, iye akabata kiyi yaDhavhidha. Chaano-zarura hakuna munhu anopfiga, chaanopfiga hakuna munhu anochizarura. Ndinoziva mabasa oko. Tarira, ndaisa pamberi pako mukova wakazaruka usingagoni kupfigwa nomunhu. Ndinoziva kuti une simba shoma, asi wakachengetedza shoko rangu uye hauna kuramba zita rangu"* [Zvakazarurwa 3:7,8].

Pano Ishe vanoti ivo, [Posi]"Ndaisa pamberi pako mukova wakazaruka; [piri] uyo usina munhu anopfiga; [tatu] ndinoziva mabasa ako; [china] une simba shoma; [shanu] wakachengetedza shoko rangu, uye [tanhatu] hauna kuramba zita rangu." Ishe vakazarura mukova pamberi pavo, ivo vakapfuura nepauri vachinozadza mukana wavo webasa. Akazarura mukova uye ivo, kanapo vaiva nesimba shoma vakamirira pachokwadi kushoko rake uye vakazviisa pasi pezita rake. Naizvozvo, sezviri pachenaka, kutenda kwaShe kunofanira kuonekwa maringe neinzwi remukova iwoyo wakazaruka.

Kuti suo iri chingava chaiva chii, hatinganyatsoziva. Hatichakwanisi kudzokera kumashure kuti tinyatsodononongodza zvakazara mukana webasa wakapihwa naIshe kuiyi Kereke. Chokwadi chiripo chingava chokuti mukova uyu raiva basa rakakosha roushumiri. Nokuti ukanyatsotarisisa pane kakusangana pakati pedanidziro youmambo hwaKristu nemukova waazarura. *"Ndiye akabata kiyi yaDhavhidha,"* (manzwi iwaya chitamba choutongi hwake). Akazarura mukova, uye pfungwa iripo ndeye gwaro rokufambisa rakapihwa kuvatumwa, ava kuti vashandise mubasa rake.

Kiyi inovazarurira muutongi hwaMambo [wamasimba ose]. Mabata kiyi aisa pamberi peKereke mukova wakazaruka. Avapa suo kuumambo hwake uye kuti vaite basa rake. Kuzarurwa kwomukova uku isimba noutongi hwamambo hurikuvagadzirira nzira ichamhanyiwa nevatumwa vake vachinoiita kuda kwake-kuparidzira ivhangeri yake- kunova iko kukokerera mweya yose kwaari. Kuzarurwa kwomukova isimba rake routongi hwake nekodzero yake yakazara.

Ngatimbomira zvishomana kutarira manzwi aya nedudziro yawo seakangotarisana nenguva iyoyo yakare chete. Ngatitorei manzwi aya sechiga chikakosha uye chinomira nokusingaperi-peri.

Tarira uone mazaruriro anoshamisa aitwa mikova naIshe kuKereke yake kwemakore akazanirana apfuura kusvikira nhasi. Zvisinei nokupikiswa, kuzondwa nevanhu kana kutsoropodzwa, Ishe varikungokiyinura nokuzarura mikova yebasa [roushumiri], kuvanhu vake.

Kuti unguva mukanai, kana mukovai, wakazarurirwa Kereke yePhiladelphia, hapana nzira yatingaziva nayo. Asi icho chakakosha chatinozarurirwa ndechekuti, muKereke iyi, yaive isina simba shoma, pakave nesuo roushumiri rakazarurwa, iyo ikaritambira nokuriita.

[Mumwe mubvunzo ndeunoti] ndivanaaniko ivava vanopinda nemukova wakazaruka? Inzwa uye ubatisisa zvakanaka matsananguriro anoita Ishe. Kukereke yePhiladelphia Jesu haana kuti "une simba," asi anoati *"une simba shoma."* Asiwo zvakangodaro vainge vakavimbika kubasa raive mumaoko avo, vakachengetedza Shoko rake uye nokusaramba zita rake. Heuno mushonga mukuru webudiriro mubasa raMwari, **[kuchengetedza Shoko rake, kuvimbika uye kasaramba zita rake]**.

Mibayiro mikuru ichawira kumaKereke kana kuvanhu, haisi kuzopihwa nemhaka yesimba guru ravainaro, kana ukuru hwebasa sokuona nokuera kwavanhu – asi nokuvimbika kune uyo akudana uye kushandisa zvakazara simba [ringava shoma] raunaro. Hongu [kuKereke yePhiladelphia] simba raiva shoma,

(Inoenderera Mberi Papeji 4)

Nhungamidzo...

naGodfrey Ndiriwenyu

"Tarira, ari kuuya namakore, uye meso ose achamuona, kunyange naivo vakamubaya, uye maruedzi ose enyika achachema nokuda kwake. Saka zvichaita saizvozvo! Ameni" [Zvakazarurwa 1:7]. *"Uyo anopupura zvinhu izvi anoti, 'Hongu, ndinokurumidza kuuya'"* [22:20].

Ndoopane nyaya yose ipapo – Jesu arikuuya! Uye zvanzi meso ose achamuona kunyange naivo vakamubaya, uye maruedzi ose enyika achachema nokuda kwake. . Mashoko iwawa – **Jesu arikuuya** – ndiyo nyenyedzi yatungamira rutendo rwamaKristu pasi rose uye pamarudzi ose. Ndiwo mwongo, ndihwo hwaro hwetariro yedu, iwe neni tinotenda muna Jesu Kristu. Ndiwo chidhindo chikuru chinotitsaura kuzvose zvitendero zvepasi rino. Bvisa Jesu muchiKristu – wachiuraya – chinotova chitunha. Bvisa rumuko kuvakafa – wachiremadza – chinogwadoma. Bvisa kuuya kwake rwechipiri – wachipofamadza – hachichaoni. Wakakomborerwa mutendi anobatisisa aya mashoko okuuya kwake nokuti achachenjerera upenyu hwake zuva nezuva. Ndine urombo zvikuru nevatungamiri, uye vaparidzi vari kushonyorora nokuondonga ivhangeri tsvene nokungogara vachikwamarara vachiudza vanhu nezvokunakidzwa nezvepasi pano vasingavarangaridzi kuti vachenjerere upenyu hwavo nokuti Jesu varikuuya. Ndine urombo zvakare nevatungamiri vave kutanga kurova nokushungurudza vamwe varanda uye kudya nokunwa nezvidhakwa vachikanganwa kuti Tenzi vakati varikuuya. *"Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti homuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro. Asi nzwisisai izvi...garai makagadzirira nokuti Mwanakomana woMunhu achauya"* [Mateo 24:42-44]. Denga nenyika zvichapfuura hazvo asi shoko raIshe wedu haritongopfuuri – **ari kuuya!** Uswa hunooma uye maruva anowa asi shoko reShe wedu rinogara nokusingaperi .Vemasimba ose Ishe vari kutarira kuti vaone kuzadziswa kweshoko ravo. Shoko guru ririiro rokuti Jesu vari kuuya. "Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti homuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro KudzokakwaKristu, ndiwo mudzi wokutenda kwavaKristu. Ndiro bhanhire rinosunga tsungiriro nokushangairira kwedu kwose. Ndiro wonakure (bhainokura) rinotipa manyukunyuku nemanyawi.

Ndosaka ndati ini pakutanga, ndoopane nyaya yedu huru ipapo samaKristu. Mubvunzo mukuru wandagara ndichizvibvunza ndeunoti "vakristu vazhinji vachiri kuzviziva here? Vachakabatirira here panyaya iyoyi huru. Kana iyo nyika zvayo pachayo inozviziva here iri kuudziwa here manzwi iwaya? Ko nhai hama vatendi – Hazvingadaro here kuti vaKristu tatorara nokukanganwa icho chikuru chatinofanira kuudza nyika.. Kukotsira zvedu nezamu makanwa tichikanganwa kuti tiripamunda, pabasa. Chimbomira ufungisise. Wakagumisira riini kuparidzira kana kuparidzirwa nezveshoko guru rokuuya kwake. Kunze kwekuvaparidzira nerokuti vangapfuma nekuporeswa sei uri kuvayeuchidza here, semuparidzi weShoko roupenyu, kuti vachenjerere upenyu hwavo zuva nezuva uye nguva nenguva. Kuti vave vatsvene sezvo iye arikuuya ari mutsvene. *"Zvino muchenjere kuti munorarama sei, kwete sevasina kuchenjera asi sevakachenjera, muchishandisa mikana yose, nokuti mazuva akai pa Naizvozvo musava mapenzi, asi munzwisise kuti kuda kwaShe wenyu ndokupi"* [Valfeso 5:15]. Mwoyo wangu unorwadzikana zvikuru, kuona Kereke yaMwari ichiudzwa nokutarirwa zvokuita nevari munyika. Kereke rave bofu, yavedzungutevere yapererwa nezano. Yotoudziwa nenyika kuti yozvifambisa sei. Maiwe zvangu kani! Kuti yopfeka sei, togara sei mudzimba dzedu, kuti taparidza nokushumira sei uye kuti tovata sei uye nguvai. Nhai wedenga iwe! Batsira! Kereke yako yoitwa chikukuvata nenyika. Yasungwa mbiradzakondo yapererwa yongoita chidzungutevere.Igoti tuzu bwai-bwai ichishayawo neromuromo somuenzi adzipwa nembamaira. Vana rangove jwe-e-chwe-e vasisina tariro nokuti havazivi chavanoraramira – **icho chokuti nerimwe ramazuva Ishe varikuuya!** Chishuwo changu ndechokuti dai rumbo rwengirozi dzedenga rwaimbwazve siku nesikati pane ino nyika. *"Mutsvene, mutsvene, mutsvene, ndiye Ishe Mwari Wamasimba Ose, akanga aripo, aripo uye **achazouuya**"* [Zvakazarurwa 4:8]. Tigare tichirangaridzwa kuti "lyeyu Jesu akabviswa kwatiri achienda kudenga, achadzokazve sezvamamuona achienda kudenga."

Ndiyo mharidzo yatinayo mwedzi uno. Kurangaridza vatsvene vose kuraramira kufadza Mwari uye kuti vagare vakarinda. Hama hatidi kuti muve vasingazivi pamusoro pokuuya kwake. Hatidi! Samashoko aShe pachake, *"achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari, uye vakafa munaKristu vachatanga kumuka"* [VaTesaronika 4:13-16]. Pepanhau **reMharidzo** rineichochi chinangwa chekudzoredzera vatsvene kunaMwari. Kuvakurudzira kuti vamire vakasimba, pashaiwe chingavazungunusa. Kuti vashandire Ishe zvikuru nguva dzose. Ndiyo mharidzo yatinayo nguva dzose, *"Tsvagai Jehovah achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo"* [Isaiah 55:6]. *"Tsvagai umambo hwake nokururama kwake"* [Mateo 6:33]. *"Ino inguva yokutsvaga Jehovah kusvikira auya kuzonayisa utsvene hwake pamusoro pedu"* [Hosea 10:12]. **Mharidzo** inokurudzira vatendi kuti vashangairire utsvene, nokuti, *"kuda kwaMwari kuti muitwe vatsvene: kuti mumwe nomumwe wenyu adzidze kudzora muviri wake nenzira tsvene uye inokudzwa"* [1 VaTesaronika 4:3].

Mharidzo haina kereke rayakarerekera. Chinangwa chedu ndechekuti vaKristu vave chinhu chimwe uye kuti *"hama dzigare pamwe chete mukubatana...nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi-peri"* [Ps 133:1,3]. Nokuti *"kana vanhu vangu,"* ndizvo zvinotaura Jehovha, *"vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanyengetera vakatsvaga chiso changu, vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ndichavanzwa kubva kudenga uye ndicharegerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika yavo"* [2 Makoronike 7:14]. Verengawo Mateo 18:18-20.

Mukupeta regai tiridze mhururu kuve Gospel Revivals Inc, vadhindi vepepanhau reHerald of His Coming avo vakabvuma kutsikisa iri bepa rauri kuverenga nhasi. Pose pane mufaro panoridzwa mhururu. Mhururu munongedzo worufaro ruri mumwoyo. Nhasi ndinoti kuzvizvarwa zveZimbabwe, ngatitsemure mhururu tipemberere pepa rabuda mururimi rwaamai uye riri rokutanga murungano nenhorondo yeHerald International. Tose ngatiti "hekanhi hekanhi zvaitwa mhanduwe ngazvirambe zvakadaro!" Chakanaka chakanaka veduwe mukaka haurungwi munyu, aiwa

tinotenda. Tinotenda vemwoyo usina chinya kana ruzivira. Unopa usina rudembera. Unoziva kuti chinoringanwa ivhudzi kwete upfumi. Maita henyu mhanduwe maziva kuti shoko nderekugoverana. Mwari ngaawedzere.

Kunemi mose zvizvarwa zveZimbabwe regai nditi heinoka nhapitapi, uchi, madyandakasungwa chaiwo mururimi rwaamai. Rivengei, muritsigire,uye murinyengeterere siku nesikati. Mouyaka hama tiite mubatira pamwe chuma chomuzukuru. *"Hama tinyengeterereiwo. Kwazisai hama dzose nokutsvoda kutsvene. Regai ndikurayirei kuti tsamba iyi iverengerwe hama dzose"* [1 VaTesaronika 5:25-27].

Mwari ngaakudzwe! Ameni.

Kubva Kuna...

Rich Carmicheal – Mudhindi weHerald of His Coming; naLois Stucky – Mupepeti weHerald of His Coming

Kunemi mose vaverengi veMharidzo [Shona Herald]

Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu Kristu ngazvive kwamuri. Ushumiri hweHerald of His Coming hwakatangwa mugore ra1941, naWilliard C. naSarah Foulkes Moore, KuLos Angeles, California. Chinangwa chaiva chokudhinda pamwe nokugovera zvinyorwa zvemutsurudzo kuitira kubatsira kereke yaMwari igone kugara yakagadzirira nokurindira kuuya KwaShe wedu Kristu Jesu. Zuva zvorodai kusvedera paduku nepaduku, tinorumbidzo Mwari zvikuru neuyu mukano, weHerald, wekuramba ichikurudzira, kusimbisa uye nekudenha vanhu vaMwari neiri shoko rekutendeuka, mutsurudzo, minyengetero, utsvene nekuvhengera. Nhasi uno tinotenda Mwari nenyasha dzavo idzo dzatibvumiro kugoverana shoko iri neverurimi rwechiShona. Tinofara zvikuru neuyu mukana uye tinonamatira kuti Ishe vachakomborera upenyu hwavose kubudikidza nepepanhu **reMharidzo**, [Shona Herald]. Mwari vedu vakanako uye vane nyasha dzokutumira Shoko ravo kuti ribatsire vose vanoriteerera.

"Kuna iye anogona kukuchengetai kuti murege kugumburwa uye anokuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamunopomerwa, uye nomufaro mukuru, kuna iye Mwari oga muponesi wedu, ngakuve nokubwinya umambo, simba noukuru, nokuna Jesu Kristu Ishe wedu, nguva isati yavapo zvino nokusingaperi" [Judha vs 24-25]. Tiri tose munaKristu.

Chinangwa Chedu Ndecheyi

1. Chinangwa chikuru che**"Mharidzo Yokuuya Kwake** " ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweyo, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozoonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeiyi: *"Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvene hwake pamusoro pedu"* [Hosea 10:12].

2. **Mharidzo**, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere kunaMwari; *"Tsvaka: Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose"* [Isaya 55:66; Ps. 105:4].

3. **Mharidzo** inoshuwira zvikurusa kudururwa kwemafashamo eMweya Mutsvene "pamusoro pavanhu vose" naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengeterera iyi mutsiridzo. *"Kano vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegerera zvivi zvavo uye ndichaponesa nyika yavo"* [2 Makoronike 7:14].

4. **Mharidzo** haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari *"Uyo anopa, achabudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo"* [Zvirevo 11:25].

5. Mharidzo inokurudzira hupenyu hutsvene pakurarama kwevana vaMwari kuvimbika munazvose, kuzvininipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri. *"Asi saiye akakudanai mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene"* [1 Petro 1:16].

Zvatinotenda

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda [2 Timoti 3:16].

2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozviratida muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene [Mateo 28:19].

3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso zvashamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwake, kubudikidza neropa rake, kumuka kwake kuvakafa, nokukwira kwake kurudyi rwechigaro chaBaba uye kudzoka kwake musimba nokubwinya.

4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso rwevakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kwakakosha [Johani 3:3-7; 1 Korinde 12:3].

5. Tinotenda muushumiri hweMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararame upenyu hutsvene [VaGaratia 2:20].

6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukura mukuraswa, vatsvene kuupenyu husingaperi [Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11].

7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu.

(Kubva Papeji 1)

asi pavaka pinda nemukova wakazaruka, Kereke yakashandisa vimbiko kuinzwi rake uye vakaramba vachikudza zita rake. Mubutiro remanzwi iwayo mune chakavanzika, icho chinotungamira kubudiriro pabasa rose – **kuchengetedza Shoko rake uyu kusaramba zita rake**.

Zvirinani kuva nesimba shoma, uchirishandisa mumikova yaanozarura uye uchizviisa pasi pezita neShoko rake – pane kuva neraSamusoni simba asi uchirishandisa kubatsira avo vanobira Mwari nekupurunura chimiro chake uye kuvharidzira iye kuuya muumambo hwake.

Kukereke yePhiladelphia anoti, *"Sezvo wakachengetedza murayiro wangu kuti utsunge nomwoyo murefu, ndichakuchengetawo panguva yokuedzwa iri kusvika pamusororo penyika yose kuzoedza avo vanogara panyika"* [Zvakazarurwa 3:10].

"Ndiri Kukurumidza Kuuya"

Mumanzwi awayo Ishe vanotaura kukereke yePhiladelphia izvo vagara vachitaura kuKereke yavo nguva nenguva. Anotaridzisa pfungwa yavo kukuuya kwake rwechipiri semunongedzo mukuru wokukunda kwake. Mumakore ayo okushanda nokushingairira, Kereke yaMwari inofanira kagara yakarindira kuuya kwake, yakateerera maungira eaya manzwi – *"Ndiri kukurumidza kuuya"* (3:11).

"Batisisa"

Tichiri pachivimbiso ichocho [Ndiri kukurumidza kuuya] chimbofungisisa zvakare nezveshoko guru nebasa guru reKereke nhasi uno, *"Batisisa icho chaunocho, kuti kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako"* [Zvakazarurwa 3:11]. Kukereke yeSadhisi anotaura zvimwe chetezvo [verenga 3:3], asi [ewo] pane musiyano muuremu chinangwa nedonzvo redanidziro yaShe. Kukereke yeSadhisi yaive yambiro huru. Kukereke yePhiladelphia, chivimbiso nokunyaradza.

Kukereke (yeSadhisi) yaive mhere nehwamanda yokuti vamuke vateerere. Asi kuKereke yaishanda nokushandisa simba rayo shoma, ichizadzikisa kuda kwake aive manzwi okunyaradza nekukurudzira.

Chikwadika apa zviri pachena kuti dzidziso yokudzokazve kwake inkwanisa kunzwisiswa nevanhu zvakasiyana siyana, zvichienderana nokuti une uri kurarama zvakadii muupenyu hwako. Imwe kereke inotyiswa naiwawo manzwi, asi imwewo Kereke ichitonyararadzwa neiyeyodanidziro yokuuya kwake.

Pachinguva chishomanana chiripo kubva nhasi nepaachadzoka anovapa basa guru rokuita mumanzwi aya *"Batisisa icho chaunacho."* Mubvunzo watingapa ndowokuti vaiva nei? [Mhinduro sezvatamboreva pamusoro] Simba shoma, Inzwi rake, Zita rake nevimbiso yake yokudzoka. Izvi ndizvo zvavaifanira kubatisisa, kuti *"kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako."*

Korona inorehwa apa mubayiro webasa. Akange avazarurira mukova, ivo musimba ravo shoma vakapinda vakanozadzikisa kuda kwake. Aiziva mabasa avo hongu, kuti vakachengetedza Shoko rake uye havana kuramba zita rake. Aiva asina chigumbu navo bodo. Anovavimbisa kurumidza kudzoka uye pakudzoka kwake vaizowana korona. Kanapo ino isiri nguva yekorona asi bikitira nekukakatirana, asi mukakatirano iyoyo kana ukaramba wakabatisisa kuizvo zvako zvose, Korona iri kuuya.

Uyo Anokunda

Chokugumisira, tarirazve chivimbiso kuuyo anokunda. *"Uyo anokunda ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazombobudimo. Ndichanyora paari zita raMwari wangu nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, riri kuburuka richibva kudenga kunaMwari, uye ndichanyorawo paari zita rangu idzva"* [Zvakazarurwa 3:12].

Kukunda kunorehwa apa hakusiri kwehuipi mumakereke bedzi, asi kwemasimba arikunze ayo achakundwa zvachose pukudzoka kwake. Sezvo ambenge achitaura nezvekudzoka kwake senhongonya apo akavimbisa mibayiro yose ichapihwa kukereke, chivimbiso kuvakundi ndecheupenyu, nemamiriro ahwo, mushure mokuuya kwake.

Chokutanga, anovavimbisa rukudzo, *"Ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu."* Ndoo magumo. Shoko raMwari hapana parinotaura nezvekuva mbiru yetemberi kwemunhu achiri pane ino nyika. Asi pavachasvika uko kwoupenyu vachava nechidanho ichi mafasha, uye chinogara nokusingaperi nemhaka yokufanana kwavo naMwari wavo.

Piri, *"Ndichanyora paari zita raMwari wangu..."* izvi zvinoreva manzwi kufanana kwavo naMwari uye chidanho choukuru.

Mumwezve mubayiro unoonekwa nokutsanangurika, *"Ndichanyora paari...zita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, riri kuburuka richibva kudenga kuna Mwari."* Avo vanekodzero muiri dhorabha, yekugara kusingaperi nokuda kwechimiro chavo, havasirimo sevaenzi kana vapoteri, asi seavo vane rusunguko rweguta, vachiruwana rusununguko urwu, nokukunda kwavo.

Tarira, pane chimwezve, *"Ndichanyora paariwo zita rangu idzva."* Hechino cherevo chinoera nokutyisa. Muchitsauko chegumi nepfumbamwe chebhuku yaZvakazarurwa mune chimwezve chirevo chinoenderana naichochi. *"Ane zita rakanyorwa paari risingazikanwi nomunhu asi naiye oga."*

Kune kumwe kukudzwa kunaJesu kusina kuzarurwa uye uku kunoonekwa muzita idzva. Ndiro zita raachanyora pamusoro peuyo anokunda. Iye achagoverana naye [anokunda] kukudzwa nemibayiro wake. Pachave nokubatana pamwe chete pakati pomukundi naIshe wake. Kushingairira naye zvino kuchava kutonga pamwe chete naye. Kupinda pamukova wakazarurwa nhasi ndiko kufamba naye muupamhi hwedunhu raachatonga.

Kristu Arikutonga Nazvino

Kupihwa kwedu Korona kunoenderana nokuvimbika kwedu, asi kukunda kwakaperera kwaMwari kunoenderana naIshe waakaisa paguta dzvene. Ngapasava nenguva yatinofunga kuti adzokera shure, kana kurasa zvinhambwe kana kusiya nzvimbo dzaakapihwa. Haasikuzoneta kana kudhanikana kusvikira apedzisa zvishuwo zvaMwari wake, uye kanapo edu meso

(Inoenderera Mberi Papeji 5)

(Kubva Papeji 4)

achitadza kutevera nzira yaanofamba nokushanda nayo, mwoyo yedu ngainyaradzwe patinorangarira aya manzwi *"Ano zarura hapana munhu anopfiga, paanopfiga hapana munhu anozarura."*

Kana tichitadza kuona mazaruriro aanoita, kana mapfigiro aanoita hazvina mhosva. Chokwadi chirevo ichi chakazadzwa nenyaradzo isingatsanangurike. Ishe, muzodzwa waMwari, kanapo akavigwa kumeso evanhu, ari kufambira mberi chete noutongi hwake. Somurungano rwakare ruya rwaDhavidha, uyo aive muzodzwa waMwari, akamboenda muupoteri kwenguva shomana, akatora upoteri mubako reAdhuram, saizvozvowo kwanhasi Kristu mutongi-rambwa, asi muzodzwa waMwari.

Rungano rweAdhuramu rwakatakura izvo zvakakosha zvikuru. Dhavidha, paakarambwa nevanhu vake, akaenda kumakomo marefu, ane mapoka matatu evanhu – vaive nezvikwereti, vaitambudzika nevainyunyuta. Vanhu ava vaiva vachisvoreka zvikuru mumeso enyika [1 Sam 22:1-2]. Vazhinji vakatofarisisa pavakaona ava vachitizira kumapako.

Asi chinofadza ndecheukama hwavo naDhavidha uye mubayiro wavakazowana. Ukama hwavo naDhavidha hwakavasandura kuva varume vakasimba. Nyaya yaDhavidha nevarume ava yakatakura pfungwa dzakadzama. Mabakatwa avo dzaive mvemve chaidzo, asi zvavakabuda nazvo, chakave chidadiso chisakambonekwa.

Nokufamba kwenguva zuva romufaro rakazosvika apo Dhavhidha akasiya Adhuramu achinopiwa korona. Pamusoro pekupihwa kwake korona kunonzi iko *"Ava vose vaiva varume vokurwa...vakauya paHebhuroni vakagadzirira zvizere kuzogadza Dhavhidha kuti mambo walsraeri"* [1 Makoronike 12:38].

Ishe wedu iko zvino vanorambwa,
Nenyika iko zvino vanorambwa,
Kuvazhinji iko zvino varichambwa,
Vashoma vanovakudza havasi murambwa.

Iko zvino, mukurambwa kwake, ari kuzviunganidzira vanhu vake, vanezvikwereti, vanotambudzika, vanonyunyuta asi vakaunganira zita rake, uye achivashandura neukama hwuripo pakati pavo naye, kuti vave mauto akakwana. Nokuchimbidza, mambakwedza achavapo, apo tichaunganira Ishe nomwoyo mumwe tichimuzodza saIShe.

O, terema hama yangu! Ngapasava nedzimbo dzokusuwa muimba tsvene yaMwari, asi dzokumurumbidza. Ngatisiyane nemariro etariro yarasika uye tagofeka nguo dzakarasika, tisimuke kubva pachizvimbo chamadota, tichitenda kuna Ishe wedu. [Ndiye anotonga] ndiye akabata matomu, uye mukusimudza tsvimbo yake youmambo, anofambisa mabasa oumambo hwaMwari. Ndiwo mashoko enyaradzo atinounganidza kubva mune iyi tsamba. Achiteverwa nemamwe akapomhodzwa nokunyorovera ekurudziro anoti, *"Batisisa icho chaunacho."* Kupikiswa hakusati kwapera; Satani [achiri kupikitika] achine sinagoge rake. Mikova yakazaruka – maiwe, kereke haisakambova nemikova yakazaruka saikozvino – mikova yakazarurwa haifaniri kuburitsa kutenda kwomudzvanyidzirwa, asi mufaro wakawedzerwa. Ishe vari kukiyinura mikova munzvimbo shoma, asi kereke haisi kupinda mumikova iyi nemanyawi sezvainofanira kuita. Upofu kuchokwadi ichi chokwadi hama kunofanana nokufa.

Kereke inofanira kugara yakarinda pamikova yose kuitira kuti painongo zaruka ibatire umambo hwaKristu. Ko vanobata basa roumambo hwedenga vachazoratidza riini unyanzvi hwavo sezvinoita venyika. Kana Kereke ichida kugara zvino yakarinda nokudavira kukudavidza kwaShe, inofanira kuchengetedza Shoko rake uye kusaramba zita rake.

Ndine urombo zvikuru kuti nguva zhinji tinobvumira zvinhu zvakakosha kungoperevedza ukuwo tichibatirira nokushishinika pazvinhu zvisina maturo. [Hama] Ngatidzokerei kuShoko raMwari! Ngatidzokerei kuzita raJesu! Kereke ichava zvainofanira kuva, pamberi paMwari, *"akanaka somwedzi, anopeny sezuva, akanaka senyeredzi dziri mumdungwe"* [Rwiyo 6:10].

Chiero chekuzvininipisa kwekereke kuna Kristu hachifaniri kuva semaonerwo achinoitwa nevanhu, asi kuzvipira kubasa rayakatarirwa naIshe. [Mukupeta regai nditi ini] Zvirinani kuva nesimba shoma – asi rose richishandisirwa Kristu – pane kuva neraSamusoni simba rinongoenda kuzvisina maturo. Kana ishe vakazarura mukova, ngatipindei nesimba rose ratinaro, tichirangarira izvo kuti zvose, ndoreva zvose wazvose, – azvicha – gadzirira lye zvake, sezvo *"ndichaita kuti ndudzi dzive nhaka yako, uye migumo yenyika iva yako"* [Mapisarem 2:8].

Chakatorwa kubva mubhuku *A First-Century Message To Twentieth Century Christians* rakanyorwa naG Campbell Morgan, rikadhindwa neBaker Book House, Grand Rapids, kuMichigan. VaG Campbell Morgan (1863-1945) vakanyora mabhuku akawanda neekumucho uye vakamboshandira kuBritain, Canada ne U.S.A. samufundisi nemuvhangeri.

Isai Rudo Rwenyu

Ishe isai rudu rwenyu
Mumwoyo mangu;
Ndigozorora kwazvo,
Ndasimbiswa narwo.

Bva mwoto wenyu Jesu,
Ngaupfute pose;
Upise zvivi zvangu zvose,
Zvigobva zvachose.

Nhai imi Ishe, wePentekosta,
Pindai mumwoyo mangu;
Imi, mushanangurwa,
Uyai iko zvino.

Kedero mumwoyo wangu,
mapinda naiwo wagadzikana;
She,iyi ndiyo pfuma yangu
Yakandiringana!

Rave Awa Rokuguma

naVa W.C. Moore

Mwaka wokufamba wasvika. Awa chairo-iro rokuuya kwaKristu hapana anoriziva. Hapana, wenyama munhu anoziva nguva iyo Ishe wedu achaburuka kudenga nokudanidzira, nezwi romutumwa mukuru, achizotora vake kubva muino nyika yezvivi nokusuva [1 VaTesaronika 4:16]. Asi chatinoziva ndechokuti mwaka wacho wakwana uye awara yokuguma iri kusvedera paduku nepaduku.

Wakagadzirira here nhai hama? Pamusoro paizvozvo uri kuda here kuenda? Unofarira here zvimwe zvinhu kana vamwe vanhu kupfuura iyi nyaya yokuuya kwake. Mwari vedu vane godo. Jesu vanoti ivo, *"[Uyo] anoda baba kanai mai kupfuureni, haana kufanireni, noanoda mwanakomana nomwanasikana kupfuureni haana kufanireni"* [Mateo 10:37]. [Nhai mudikani hama] Uchabvumira here ani naani kana chiri chii zvacho kuti chikudhonzere kumashure mugadziriro yako yorudano rwokumusoro.

[Pakuuya Kwake] Pachave nechikwata chevakagadzirira, *"...Chikomba [muwani] chakasvika, zvino vakanga vakazvigadzirira vakapinda naye pamutambo wemuchato, suwo rikapfigwa"* [Mat 25:10].Urimo her muchkwata ichi uye wakagadzirira here iko zvino? Uye uri kuramba here wakagadzirira kuuya kwaShe, apo ari kukuvhenekera paduku nepaduku kuti usvetuke mukuzvininipisa uchiita basa rake – kuti uzvinatse sezvo iye akakudana uye ari kuuya ari mutsvene uye akanaka. Uri kutsungirira nokubata pamwe chete naKristu here nhasi, kuti munguva inotevera ugozobata ushe pamwe chete naye. *"Kana tikatsungirira, tichabata ushe pamwe chete naye"* [2 Tim 2:12].

Munyengetererane Mumwe kwoMumwe

Hazvingadaro here kuti watotanga kurova vamwe varanda vanoshanda pamwe chete newe, ugodya nokuraradza, pamwe nevanoraradza nemhoka yokuti unofunga kuti Ishe vanonoka [Mat 24:44-51]. Uri kupedzara here nguva yako yakareba uchitsoropodza mamwe maKristu pane kuvanyengeterera. Hausi kuzvinetsa here nokuti nhasi ndichanwei, ndichadyei pano kufambisira mberi zvido zvaKristu nokuparidzira ivhangeri kunyika dzose.

"Chenjerera Nguva"

Uri kungorasa-rasa nguva yako here uchingotaure nyaya dzisina maturo, nezvana zvevaporofita, uku uchingo kwazisa wose waunosangana naye, "uchipfuudza nguva" naani zvake anongokandirwa munzira yako nowakaipa – kana kuti uri urikupedzera simba roupenyu nwako mumufaro wokushandira uyo akakufira.

Wakatakura here muchinjikwa wake zuva rimwe nerimwe uchimutevera. Uri kumutevera here Jesu Kristu Muponesi wako. Uri kuzvirumbidza here nokutakura muchinjikwa waMambo Jesu, pane kuzvirumbidza nokutakura muchinjikwa wako. Mwanakomana waMwari akakosha here kwauri kupfuura zvose: uye unofarira here kuti uite kuda kwake Mwari pano kuda kwako. Unofarira here kupira zvako zvose – kuti upenyu hwaKristu huwanikwe mauri.

[Haudaro] Uri kungoreurura zvitadzo zvako asi usingazvisiyi. Kana wadzika-dzika ukanobate mhedzisiro yetendeuko, apo wakabuda wave kuvenga chose chinonzi chitadzo muupenyu hwako; zvokuti iko zvino wave chapupu chitsvene chaMwari, uye choutsvene pose paunoenda. Uri kunetsekana here nechimiro chako pamberi pevanhu kupfuura zvauri pamberi paMwari. Unotya here [nhai hama] kugumburisa vanhu pano kudzima Mweya waMwari anopona?

"Svinurai, Murinde"

Uri chapa here, kuva uyo anozviisa mukutaura zvoupenzi nokungonemera izvo zvisina kufanira – kunyangadza pamberi paMwari. Kana kuti wakasvinura nokurinda sezvinorehwa neShoko raMwari. *"Svinurai, murinde; muvengi wenyu Dhiabhori, anofamba-famba seshumba inodzvova, ichitsvaka waingaparadza"* [1 Petirosi 5:8]. Uri uya anongorasarase muromo? Kana kutaurisa zvikuru? [Somuenzaniso] Simba rako rinongopera here pakuridzir huta, pane kuti rishandiswe pakufambisa "chitima" choupenyu hwako? Inzwa *"Kudarika hakungakoni pamunhu ana mashoko mazhinji. Asi anodzora miromo yake, ano huchenjeri"* [Zvirevo 10:19]. Hauna here mweya [nomwoyo] wakaomera? Kana nepfungwa yakadzika, yokuzvininipisa unoti vamwe vanokupfuura pakunaka [Firipi 2:3]? Urikungo "taure" minamato? Kana kuti uri kunamata zvichibva mukati-kati mehana yako?

Hausi kubvumira here wakaipa kuti aite dambe-tambe nedzako pfungwa? Kana kuti urikumudzivisa wakamira nesimba rokutenda uye usingatengomupi nzvimbo? Rangarira Satani mupomeri wehama dzedu [Zvakazarurwa 12:9-11].

Dai Mwari [vedu] vatinzvere hana dzedu kuti tigogara takagadzirira kuonekwa kwake uye kuti "tishambadzire," (Kuramba takabatika mukuda kwake uye mumushando wake inorumbidzwa), kusvikira auya [Ruka 19:13].

"[Naizvozvo] Rindai nenguva dzose, mukumbire, kuti mugone kupukunyuka pazvinhu izvi zvose zvinoitwa, mugomira pamberi poMwanakomana womunhu" [Ruka 21:36].

VaW.C. Moore vakazvarwa muna 1890 vakazoshaya muna 1980. Ivo nomudzimai wavo Sarah ndivo vakatanga kudhinda pepanhau reHerald of His Coming munova ndimo matinokoponora zvinyorwa zvose tichizviisa muchiShona.

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviriuye riopihwa pachena kuna an naani anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.

Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu.

Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com Runhare 091 929 673.

Nhengo dzeAdivisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, George Mabhena na Wisdom Tshuma

Rindira! Nyengetera!

naMai Sarah Foulkes Moore

Zvose zvakati komberedza zviri uye zvinonongedzera kukuuya kwaShe wedu achibva kumakore. Nguva ino yave kunopera. Zuva refu reino nyika rave kunoguma. Pavekuswedera pakati pousiku! Rangarira kuti paiva pakati pousiku pavakanzwa mheremhere , *"Chikomba chauya! Budai mumuchingamidze!"* iyo yakamutsa mhandara dzaiva dzirere [Mateo 25:6].

Nhai imi vatendi, makagadzirira here, dai kuri kunzi mheremhere inonzwikwa manheru ano? [Ko nhai iwe hama mutendi] urikuramba uchikubvisa here zvisakafanira muupenyu hwako apo pauno riverengaShoko raMwari nguva iri yose. Gadziriro yokuuya kwechikomba inosanganisira dikano huru yokugara wakarinda. *"Vasikana vakanga vakarinda vakapinda naye mumutambo wesvista uye musuo wakapfigwa"* [Mateo 25:10].

Kune avo vanofarira kuuya kwake, chodikanwa iko zvino kuzvinzvera moyo nokusaneta paminyengetero. Kuzvininipisa, mwoyo wakaputsika, kurinda, kumirira, kumutevera nguva dzose uye muzvose, takabatirira pachiero chokunaka kwake... ndiwoka mweya womunyengetero usina magumo uyo unogadzirira hana dzedu kukuuya kwake.

Mai Sarah Foulkes Moore vakazvarwa mugore ra1890 vakazopinda kumusha uri kumuso muna 1973. Ivo nomurume wavo Babo Willard ndivo vatangi kudhinda pepa re"Herald of His Coming" , umo matinokoponora zvinyorwa zvizhinji zvatinokupai mupepa reMharidzo. Mai Moore [aive] mudzimai aishingairira kwazvo paushumiri nebasa ramunamato.

Takamirira Kuuya Kwaishe Wedu

naD. M. Panton

"Zvishongedzei mugadziri kushanda uye mwenje yenyu igare ichipfuta sevanhu vakarindira kudzoka kwatenzi wavo kubva kumuchato... Vakakomborerwa varanda avo vachawanikwa natenzi wavo vakarindira paanodzoka." [Ruka 12:35-37].

Zuva risozikanwi rokudzoka kwaShe ndiyo nyenyedzi inotungamira kereke mugadziriro isingafi, isingaperi, isingamiri uye isingagumi. *"Mumwe nomumwe ane tariro iyi maari achazvichenesa, sezvo iye akachena"* [1 Johan 3:3].

[Muvhangeri anozivikanwa zvikuru] Dhokotera Torrey vanoti ivo, "Chokwadi chokudzoka kwaShe wedu chiitiko cheshoko raMwari chinokurudzira utsvene, kuzvipira, kuperera, kusava zvenyika uye kusimbarara kuupenyu hwebasa. Mumharidzo dzedu dzemazuvaano tirikukudzira vanhu kuva vatsvene nokushingairira, no kuti rufu ruri kuuya nokuchimbidza, asi haasiriwo marevero eShoko raMwari.

"Cherevo cheShoko raMwari ndechichi, Kristu varikuuya. Gadzirira kuuya kwake. Mubvunzo mukuru unosimuka ndeuyu, 'Ndezvipi zviri mukugadzirira kuuyazve kwaKristu?' Mhinduro: kuzvitsaura kune zvenyika nekuchiva kwenyama, kuzvitsaura kumaitiro enyika nhasi, uye kuzvipira kuminyengetero – iyi ndiyo nhanho yokutanga mugadziriro yokuuya kwake.

Muponesi wedu vanoti, *"Garai makagadzirira, uye munyengetere kuti mugogona kupunyuka pazvose izvo zvava kuda kuitika, uye kuti mugogona kumira pamberi poMwanakomana waMwari"* [Ruka 21:36]. Mwari havasati vazarurira zuva rokudzokazve kwaKristu, nemhaka yokuti tigare takarinda.

[Takamirira kuuya kwaIshe wedu saizvozvo.]

Ndezvipi Zvinodiwa?

Kuzvishongedza. *"Zvishongedzei mugadzirire kushanda uye mwenje yenyu igare ichipfuta"* [Ruka 12:35]. Nguwo ndefu, [majazi] kana dzikaregwa dzichirembera, dzino kanganisa basa kana kukupingidza paunenge womhanya. *"Aha ndiwo madyiro amunoiita [Pasika] Majazi akasungwa nebhanhire, makapfeka shangu mutsoka dzenyu, uye tsvimbo dzenyu dziri mumaoko enyu. Muidye nokukurumidzandiyo Pasika yoJehovha. Nokuti ndichapfuura nepakati peljipiti...uye ndichatonga... vose"* [Ekisodho 12:11-12].

Pangosara zuva rimwe chete rokutongwa, vari parwendo vanofanira kutsungirira pobasa uye kusakanganiswa pakumhanya. Nyika ino ingava bhokisi rokuvigwa kana tikasaivenga iko zvino. *"Nguva ishoma [ipfupi]. Kubva zvino zvichienda mberi vana vakadzi ngavararame savasina; vaya vanochema,*

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

Zuva Guru Richauya

Zuva guru richauya,
Chitarirai richauya
Mirairo yakaitwa,
She achiti: "Ndichauya."

Nyika yedu ichafara,
She wouya tichafara.
Pamakore achauya,
Titarirei tichafara.

Pachigaro chinobwinya
Uchagara achitonga.
Ndudzi dsoze dzichamira,
Dzichihuta achitonga.

Vokurudyi uchavati,
Chipindai mumufaro.
Makakunda chipindai,
Mumufaro waShe wedu.

Tichaimba zuva iro,
Tichiona She wouya.
Imbirai, farirai,
Wouya Ishe wedu.
Imbirai, farirai,
Wouya Ishe wedu.

– Kubva muNziyo Dzokurumbidza

(Kubva Papeji 7)
savasingachemi, vanofara savasingafari; vanotenga chinhu, sokunonzi hachizi chavo, nevayo vane zvinhu zvenyika ino, sevasingabatiriri pazviri. Nokuti nyika ino sezvairi nhasi ichapfuura." [1 Korinde 7:29-31]. Avo vamire pamutsetse wokumhanya kokugumisira, ndavagare vakasunga nguo dzavo uye vakapfeka mutsoka dzavo [1 Petro 1:13].

Mwenje unopfuta. *"Mwenje yenyu ngaigare ichipfuta"* [Ruka 12:35]. Mwenje ndeyokupfutiswa usiku chete, uye usiku hwose, kunze kwokunge tavata. *"Nguva yasvika zvino yokuti mupepuke kubva kuhope, nokuti ruponiso rwedu rwava pedyo zvino kupfuura zuva ratakatanga kutenda. Usiku hwava kutopfuura; kwava kutoedzo"* [VaRoma 13:11-12].

"Mweyo womunhu ndiwo mwenje waJehovah" [Zvirevo 20:27]. Mudzidzi wose mwenje unopfuta uye muusiku hwatiri [wehunhu] Kristu vanotarisira mwenje unopfuta. NezvaJohani Ishe vanoti, "akanga ari mwenje unopfuta nokuvhenekera" achisimudzira Iye Mwenje, "Kubva madekanwa kusvikira mangwanani." Mwenje unofanira kuramba uchipfuta [Ekisodho 27:20-21]. Kupfuta kusina chiedza – kushingairira kusina zivo; Chiedzo chisina kupfuto – kupenya kusina rudo. Mwari vanoda zvose: Kupfuta kune kudziya kunaMwari, chiedza nekupenya kuvanhu [Mateo 5:16].

Tariro Yakaperera. *"Ivai savanhu vakarindiro kudzoko kwatenzi wavo"* [Ruka 12:36]. Kristu vakati: *"Zvakakunakirai imi kuti ini ndava kuenda"* [Johnai 16:7]. Havana kumboti "Zvakakunakirai kuti ini ndichagara ikoko." Anoda kuti titambire chokwadi chokudzoka kwakezve.

Mufemberi [visionary] anoona zvisingaenderani nezvatinoona isu pano. Mudzidzi anotarira, anoona fambira mberi yokuda kwaMwari, kubva pakusingaperi kusvika pakusingaperi, kuchiva mburumbwa yechokwadi, apo uporofita hwose hwaakaratidzwa hunava chokwadi chinoonekwa.Izvi ndizvo zvatinofanira kuva.

"Garai makagadzirira nokuti hamuzivi nguva," "zvandinotaura kwamuri ndinotaura kuvanhu vose ndichiti Rindai," "nyengeterai kuti mugogona kupunyuka pazvose izvo zvava kuda kuitika uye kuti mugogona kumira pamberi poMwanakomana woMunhu." Idzi ndidzo pfungwa nemwoyo unobva kuna Mwari. Munamato usina magumo [Mateo 24:36,44; Mako 13:33,37; Ruko 21:34-36]. Naizvozvo, "vakaropafadzwa ava varanda." Kwete kuti vakaropafadzwa varanda vose; asi, *"vakakomborerwa varanda avo vachawanikwa natenzi wavo vakarindira paanodzoka"* [Ruka 12:37]. [Ndapota verenga VaHebheru 9:28; Tito 2:13; 2 Timoti 4:8; Zvakazururwa 3:10]. Mudzidzi munyengeri anosunamisa mharidzo yazvaanofanira kuva [Mateo 24:48-51; Ruka 21:34; Zvakazarurwa 3:3].

Potondai kupinda pakati-kati pousiku, chinodiwawo irindiro yakakwana. Rindiro yokutanga ino kumuka kubva mune zvanezuro ;iya yechina ine kumuka kwamangwana makuri, asi *"vakaropafadzwa avo varindi vachawanikwa natenzi wavo vakagadzirira kunyange dai akauya nenguva yokurindira yechipiri kana yechitatu yousiku"* [Ruka 12:38].

[Husiku hwavaHebheru hwaiva nerindiro nhatu, asi mushure mokupambwa vakazotora nekusanganisira patsanuro yechiGiriki nechiRoma kuti pazove nerindiro ina. Rindiro yepiri yaitanga na9:00 manheru ichinopera na12:00 pakati pousiku uye yetatu rindiro yaitangawo na12:00 pakati pousiku ichinopera na3:00 mangwanani.]

Kristu achadzokera nenguva yaisakarirwa neveKereke yokutanga – kwete parindiro yokutanga; asiwo achachimbidza kudzoka zvisingafungirwi neKereke yanhasi – kwete parindiro yechina; achanonoka zvinokatyamadza vakamirira asi kwete zvinodiwa nesimbe.

Nguva isingazivikanwi inouya nayo mbavha inotoda muridzi wemba anogara akarinda sokunonzi hakuna mangwana [Ruka 12:37]. Muchero wokurinda unofanira kuti, tione zvose zvenyika ino sezvisina maturo.

"Achauya" – kuferefeta, kubvumira, nekukwiridzira; "Achaita kuti vagare pasi" – izororo, kukudzwa nekupihwa umambo; "Agouya avashandire" – Mambo wamadzimambo, kuzvimonerazve netauro ari padivi pevana vake vakarinda [Ruka 12:37]. Heinoyi ganhuro yeshoko raMwari inopfuura dzose kumucho. Ko Kristu vanotaura chokwadi here? Hongu. Vanogaro taura chokwadi here? Hongu. Saka ichi ichokwadi here nhai? Hongu. Saka kana zvakadaro umbiridza upenyu hwako paichi chokwadi, nokuti kusadaro, kusavimbika kwaari uye upofu husina magumo. "Kukosha kwomunhu wose zvake kunooneka nezvinhu zvaanopedzera nduva yake."

Kuzvishongedza [kusunga bhanhire] – mushando, ibasa; Mwenje unopfuta – utsvene; Tariro yakaperera – Kurinda. Chekupedzisira ndeichi:

Upenyu hwakagadzirira. Ndiyo garawakarinda. *"Naizvozvo nemiwo garai makagadzirira nokuti MwanaKomana woMunhu achauya nenguva yamusingatarisiri"* [Mateo 24:44]. Kuuya kwaKristu, kuKereke kuchava chivhundu [1 Tesaronika 4:13-17, 5:1-10]. Chivhunda semafashamu sechiedza chezuva, chisingadzoredzeki serufu – kungoti bha-a kamwe chete sokupenya mukubwdira kweziso varindi vanenge vaenda uye kutongwa kunenge kwave pano [Mateo 24:27-51].

"Teererai, ndinokutaurirai chakavanzika: Hatingafi tose, asi tose tichashandurwa, sokupenya, mukubwairo kweziso nehwamanda yekupedzisira. Nokuti hwamanda icharira vakafa vachamutswa mukusaparara, uye tichashandurwa" [1 VaKorinde 15:51-52].

Donzvo rimwe riripachena Kristu vangangodai vakadzokazve pamakore anezviuru zviviri apfuura, uye vangangodzoka pane ipi nguva. Naizvozvo, "chivai" sokuverenga muchiGiriki – "nemiwo chirindai." Kano zvivi zvinozivikanwa zvikasadonhedzwa, mitemo inozivikanwa ikasateverwa, chokwadi chinozivikanwa chikasatendwa, kana kachidimbu koupenyu kasaka pirwa – [hokoyoi] tiri mungozi.

Mimvuri yekugumisira yatambara mupasi rose, uye naizvozvowo muupenyu hwako; asi hausati wagadzirira. Inzwaka, sekutaura kunoita Napoleon mushure mokukundwa kukuru, "Ichiripo nguva yokupihwa kukunda zuva risati ravira" [Inzwaka] Mutongi ari kuuya ndiye muponesi wako nhasi wadii kumutambira nhasi somuponesi wako ugomurindira pamwe nevamwe.

Tinodakarira Kuuya KwaMponisi Wedu

naRich Carmicheal

"...Nyika yedu iri kudenga, uko kwatakatarira kuuya kwoMuponesi wedu Ishe Jesu Kristu; uyo achavandudza muviri wokuninipiswa kuti ufanane nomuviri wokubwiya kwake..." [VaFiripi 3:20].

MaKristu anosiyana manzwisisiro, pamusoro pezvichaitika maringe nokuuya rwechipiri kwaKristu. Somuenzaniso, vanosiyana maonero nenguva yokuuya kwake, chimiro chokugamwa kwavatsvene mumakore, nguva yokutambudzika kukuru kwamakristu uye izvo zvakanangana namakore anechiuru. Izvi zvingangokonzerwa nezvikonzero zvakati kuti; izvo zvakaita sokuti idzidzisoi yaunotambira uye nokuti munhu ari kushandisa nhowo nenzira dzipi kudurira chiporofita cheShoko raMwari. Zvisinei hazvo nemaonero akasiyana-siyana kudai maringe nokuuya kwaShe rwechipiri, pane hoko kana kuti tsuku nhatu dzezvokwadi idzo maKristu ose anowiririana. (Posi) Jesu Ari kuuya. Piri. Tinofanira kugara takagadzirira nokurinda. [Tatu] Hupenyu husingaperi, hunobwinya kwakamirira vose vanotenda kwaari.

Jesu AriKuuya

Shoko raMwari rinozviyanika pachena kuti Ishe Jesu vari kuuya uye kanapo pane kusanzwisisana mumafungiro avanhu pamusoro penguva uye izvo zvakakomberedza kuuya kwaShe chokwodi chiripachena ndechokuti Ishe varikuuya. Iri ndiro idi ramaidi ose. Jesu varikuuya! Ko tinoziva sei chaizvo-izvo ichi chokwadi. Nokuti ivo Ishe Jesu Kristu pachavo vakativimbisa zvakare vakavimbika kuzvipikirwa zvavo. Naizvozvo tinokwanisa *"Kushengetedza kwazvo kupupura kwetariro yedu, kuti irege kuzununguka; nokuti iye akapikira akatendeka"* [VaHebheru 10:23]. Somuenzaniso, Jesu vanotimbisa, *"Kana ndaenda kundokugadzirira pokugara, ndinouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri nemi mugovapowo"* [Johani 14:3]. Kwatiri vakaitazve ichi chivimbiso, *"Nokuti Mwanakomana womunhu achauya navatumwa vake nokubwinya kwaBaba vake, ipapo acharipira mumwe nomumwe paakashanda napo"* [Mateo 16:27]. Muchitsauko chokupedzisira cheShoko raMwari anoti izvo, *"Tarira, ndinokurumidza kuuya; [uye] ndine mubayiro wangu kuti ndipe mumwe nomumwe sezvaakabata"* [Zvakazarurwa 22:12].

Hongu varipo vanhu, sokunyora kwamupositori Petro vachaseka pfungwa yokuuya rwechipiri kwaKristu. Asi mukudavidza iyi mifungo, Petro anovayeuchidza achiti *"Asi vadikanwa musakanganwa chinhu chimwe ichi kuti kunaIshe zuva rimwe rakaita samakore ane chiuru, namakore ane chiuru sezuva rimwe. Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira, sezvinoreva vamwe vachili 'Anonoka,' asi ano mwoyo murefu kwamuri, nokuti haadi kuti vamwe varisike asi kuti vose vatendeuke. Zuva raShe richauya sembavha, naro denga richapfuura nokutinhira kukuru nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa, nenyika namabasa ari mairi achapiswa"* [2 Petirosi 3:8-10]. Saizvozvowo mupositori, Pauro achinyorera mwana wake mukutenda Timoti anokohomedzesa nezve *"kuonekwa kwaShe wedu, Jesu Kristu, kwaachazoratidzwa panguva dzake"* [1 Timoti 6:14-15]. Paimwezve nguva Jesu vanodzidzisa vachiti, *"Asi kana riri zuva iro nenguva iyo, hakuna anoziva, kunyange vatumwa vokudenga, kunyange Mwanakomana, asi Baba voga"* [Mateo 24:36]. Kanapo tisingazivi zuva kana awara [yukuuya kwake] asi chatinozivisisa uye icho chatinofanira kubatisisa ndechokuti panguva yakafanira yaBaba, Jesu varikuuya zvakare.

Gadzirirai noKurinda

Tiri muchiedza chekohomedzo yokudzokazve kwaKristu, chitenderano Chitsva [New testament]chinotikurudzira kugara takagadzirira nokurinda. *"Naizvozvo, rindai, nokuti hamuzivi zuva, Ishe wenyu raanouya naro...Naizvozvo nemiwo, garai makazvigadzirira, nokuti Mwanakoma womunhu achauya nenguva yomusingamutiriri"* [Mateo 24:42,44].

Munyori kuvaHebheru anoti Kristu izvo *"achazoonekwa rwechipiri, asingotakuri zvivi bodo,asi achivinga vake vose naivo vanomutarira kuti avaponese"* [Hebheru 9:28]. *"Kumirira," kwedu, kwaari haisingori batira mudima, kwete asi kuti imiriro yakachangamuka. Pauro anonongedzera mutsamba yake kuna Tito kuti nyasha dzaMwari "dzinotidzidisa kuti tirambe kusanamata Mwari nokuchiva zvenyika, tirarame nokungwara, nokururama nokunamata Mwari panguva ino, takatarira tariro inofadza, nokuonekwa kwokubwinya kwaMwari mukuru, noMuponesi wedu, Kristu Jesu, wakazvipa nokuda kwedu, kuti atidzikinure pazvisakarurama zvose, kuti azvinatsire vanhu vave vake chaivo, vanhu vanoshingairira mabasa akanaka"* [Tito 2:12-14].

Patakamirira kuuya kwake rwechipiri, tinofanira kuramba zvinhu zvose zvisina umwari, kuchiva, kuipa uye tigobatirira paumwari, utsvene nokururama. Ndangariro dzedu dzinofanira kugara dzakachena dzinokuzvidzora kuti tigogona kunyengeterera [1 Petro 4:7-8]. Tinofanira kugara tichikurudzirana kurudo namabasa akanaka. Sokutaura kunoita mupositori Pauro kuvaKorose, Kristu ndiye upenyu kwedu iko zvino, uye sezvo takamirira kuonekwa kwake, tinofanira kuuraya uye kubvisa zvose zvenyika zvinoti upombwe, netsvina, kusachena pamwoyo, nokuchiva nokuti zvakaipa uye kukara, ndiko kunamata zvifananidzo, kutaura kwakaora nemanyepa. Takamirira kuuya kwake saizvozvo, tinofanira kuzvifukidza netsitsi, kuzvininipisa nounyoro. Tizivikanwe sevanhu vane mwoyo mirefu, kuregerera, rudo, rugare [runopfurikidza kunzwisisa kwose], uye nemufaro. Shoko raKristu ngarigare zvakakwana matiri uye tigopfashukira namapisarema, nedzimbo uye nenziyo dzomweya tichivonga nguva dzose.

Takamirira, nokutarisira, kukuuya kwake rwechipiri

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)
tinofanira kushingairira kuti tiwanikwe tisina gwapa [chinongo], Inzwa *"musina chamunopomerwa uye muno rugare naye"* [2 Petro 3:14]. Zvinhu izvi tinofanira kuzviita sezvatinoona kuti Zuva roswedera. Ngatitarisisei nguva yatiri uye tigoipindura zvakafanira, *"Nguva yasvika zvino yokuti mupepuke kubva kuhope, nokuti ruponiso rwavo pedyo zvino kupfuura zuva ratakatanga kutenda. Usiku hwava kutopfuura; kwava kutoedza"* [VaRoma 13:11-12].

Kunakisa Kusingaperi Kwakatimirira

Iko zvino yave nguva yokuchenjerera nokushingairira. Iko zvino yave nguva yokumira takasimba mukutenda, kutendeuka kuzvivi tobatirira kuumwari. Iko zvino yave nguva yokuvimbika kuizvo zvose zvaakatidanira. Chimbofungisisa izvi zvinhu zvakanakisisa zvakakumirira, uye kuvose vakagadzirira uye vakamirira kuuya kwake:

Tichawana mubairo kubva kunaIshe. *"Nokuti Mwanakomana woMunhu achauya ari mukubwinya kwaBaba vake aine vatumwa vake ipapo achapa mubayiro kuno mumwe nomumwe maererano nemabasa ake"* [Mateo 16:27].

Tichawana nhaka youmambo. *"Ipapo Mambo achati kuno avo vari kurudyi rwake, 'Uyai imi makaropafadzwa naBaba vangu, mutore nhaka yenyu, umambo hwamakagadzirirwa kubva pakusikwa kwenyika... '"* [Mateo 25:34].

Tichawana dzimba muimba yaBaba. *"Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara; dai zvaiva zvisizvo, ndingadai ndakuudzai. Ndiri kuenda ikoko kundokugadzirirai nzvimbo, uye ndichadzoka ndozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri"* [Johani 14:2-4].

Tichawana upenyu husingaperi. *"Mwari 'achapa mumwe nomumwe maererano nezvaakaita.' Kuna avo vakatsungirira kuita zvakanaka vachitzvaka kubwinya nokukudzwa uye nokusafa, achavapa upenyu husingaperi"* [VaRoma 2:6-7].

Ticharumbidzwa naMwari. *"Regai kutonga chinhu nguva isati yasvika, chimbomirai kusvikira Ishe auya. Achaisa pachena zvakvanzwa murima uye acharatidza mifungo yemwoyo yevanhu. Panguva iyoyo mumwe nomumwe acharumbidzwa naMwari"* [1 VaKorinde 4:5].

Muviri yedu achamutswa mukubwinya nemusimba usisaparari. *"Ndizvo zvazvichazova pakumuka kwavakafa. Muviri unodyarwa unoparara, unomutswa usisaparari; unodyarwa pakuzvidzwa, unomutswa mukubwinya, unodyarwa muutera, unomutswa musimba; unodyarwa uri muviri wenyama, unomutswa uri muviri womweya"* [1 VaKorinde 15:42-44].

Tichafuga kusafa nokuparara. *"Nokuti hwamanda icharira, vakafa vachamutswa mukusaparara, uye tichashandurwa. Nokuti chinoparara chinofanira kufuka kusafa"* [1 VaKorinde 15:52-54].

Ticharatidzwa pfuma yake huru yenyasha dzake. *"...Kuitira kuti munguva dzinouya aratidze pfuma yake huru yenyasha dzake, zvichiratidzwa muunyoro hwake kwatiri muna Kristu Jesu"* [VaEfeso 2:7].

Muviri yedu ichavandudzwa kuti ifanane nomuviri wake wokubwinya. *"Ishe Jesu Kristu, uyo anesimba rinomugonesa kuti auyise zvinhu zvose pasi pesimba rake, achavandudza miviri yedu yokuninipisa kuti ifanane nomuviri wake wokubwinya"* [VaFiripi 3:20-21].

Tichaonekwa pamwe chete naye mukubwinya. *"Panoonekwa Kristu ari iye upenyu, ipapo nemiwo muchaonekwa pamwe chete naye mukubwinya"* [VaKorose 3:4].

Tichanunurwa kubva mukutsamwa kwaMwari. *"...Uye kuti mumirire Mwanakomana wake anobva kudenga, uyo waakamutsa kubva kuvakafa, Jesu, anotinunura kubva pakutsamwa kuchauya"* [1 VaTesaronika 1:10].

Tichafara munashe neavo vatakashandura mweya yavo. *"...Mufaro wedu kana korona yatichazvirumbidza nayo pamberi paIshe wedu ndeipiko? Ko, hamuzimi here? Zvirokwazvo ndimi kubwinya kwedu nomufaro wedu"* [1 VaTesaronika 2:19-20].

Tichava naMuponisi nokusingaperi. *"Nokuti Ishe Jesu pachake achaburuka achibva kudenga, nokurayira kukuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwewha manda yaMwari, uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka. Shure kwaizvozvo, isu vachiri vapeny uye vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore kuti tisangane naShe mudenga. Nokudaro tichava naShe nokusingaperi"* [1 VaTesaronika 4:16-17].

Tichaona Kristu achikudza muvanhu vake nesuwo tichava nomufaro wokumuona. *"Pazuva raanouya kuzokudzwa muvanhu vake vatsvene uye sechimiso pakati paavo vose vakatenda. Izvi zvinosangansira imi, nokuti makatenda uchapupu hwedu kwamuri"* [2 VaTesaronika 1:10].

Tichapihwa Korona yokuruama. *"Zvino ndakachengeterwa korona yangu yokururama, yandichapiwa, naIshe, mutongi akarurama pazuva iro, uye kwete ini ndoga, asiwo nokuna vose vanoshuva kuonekwa kwake"* [2 Timoti 4:8].

Tichazivisisa zvazvinoreva kuva vakaponeswa. *"Kristu... achazoonekwa kechipiri, asingatakuri zvivi, asi kuti auyise ruponeso kuna avo vakamumirira"* [VaHebheru 9:28].

Tichawona denga idzva nenyika itsva. *"Asi sezvaakavimbisa, isu tinotarisira denga idzva nenyika Itsva, iwo mucha wavakarurama"* [2 Petro 3:13].

Tichapihwa kodzero kumuti woupenyu uye tichapinda muguta dzvene. *"Tarira, ndiri kukurumidza kuuya! VaKaropafadzwa avo vanosuka nguo dzavo, kuti vave nesimba rokuuya kumuti woupenyu uye vagopinda muguta dzvene napasuo"* [Zvakazarurwa 2:12,14].

Maiwe! Tarirai kunaka kwoupenyu hwakamirira vanhu vaMwari! Hama vadikanwi ngatishingairire tisadzokere mumashure, *"ngatibvisei zvose zvinotiremedza nechivi chinongotinamatira nyore, uye ngatimhanyeyi nokutsungirira, nhange mutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu..."* [VaHebheru 12:1,2]. Irwai kurwa kwakanaka, tipedze mujaho wedu, chengetedzai kutenda, nokuti pane zvizhinji zvakamirira avo vakamirirawo kuuya kwake [2 Timoti 4:7-8]. Ngaatiwane tichitenda paachadzoka! Uyai, Ishe Jesu. Ameni.

Mhuri nemisha Yedu Kunamwari...

Kuvandudza Mhuri YechiKristu

(Gadziriro Yokuuya KwaKristu – Chikamu Chokutanga)

NaKim Butts

Mumazuvaano, Kristu asati adzoka kudai, Kereke yaShe, iyo iri mwenga wake wakashongedzwa, inofanira kugara yakagadzirira. Mwari vanofarira kutiona tose, kubva kuvadiki kusvikira kuvakuru, takagadzirira zvakakwana uye takamirira kudzokazve kwake. Sevabereki, madzisekuru nemadzimbuya, uye sevakuru vane chokuita nevana pose patinofamba, zvakafanira kuti tive vanhu veminyengetero, uye kudzidzisa nomuenzaniso kurarama sokureva kwaShe Kristu. Mateo 22:37-39, *"Jesu akapindura akati, '"Ida Ishe Mwari wako nomwoyo wako wose, nomweya wako wose nokufunga kwako kwose."* Uyu ndiwo murairo mukuru uye wokutanga. Wechipiri wakafanana nawo unoti: "Ida muvakidzani wako sokuda kwaunozviita iwe." Kana kereke yaMwari ichida kuvandudzwa, kuti ive tsvene,kuti ive mwenga asina chinongo kana , kana chainopomerwa, inofanirwa kudakarira nokushuwira zvakasimba kutevera mitemo iyi apo ichigadzirira kuuya kwake.

VaKristu vazhinji vari kunyengeterera chimbidza kudzoka yaKristu nokuda kwokutya kurarama munguva yatakatarisana nayo [yokutambudzika] uye nokurwadzikana kuona vadikanwa vavo nehama dzavo dzichitambudzika savo. Haiwa, chokwadi ndechokuti achauya sokuronga kwaakaite nguva dzake, uye zvose zvaanoshuvira zvaitwa kubudikidzo nesu. Dzimwe nguva tinoita setinoramba mucherekedzo wokuti Ishe vakatiudza minongedzo mizhinji yokuuya kwavo. Chimwe chezviratidzo izvi, sokutaura kwaIshe Jesu ndeichi, *"Vhengeri iri roumambo richaparidzirwa munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchazvika"* [Mateo 24:14]. Tinofanira kunyengeterera zvikuru kuti ivhangeri yoruponiso rwaJesu Kristu iparidzirwe kumativi ose enyika. Hatifaniri kunyengeterera kuti titorwe kubva mune ino nyika, kutumwa kukuru [kwaMateo 28:19] kusati kwazadzikiswa, ukuka ndiko kuzadzikisawo murayiro wechipiri, "Ida muvakidzani wako sezvaunozvida iwe."

Vakorose 3:4 inoti, *"Paanoonekwa Kristu, uyo ori upenyu hwenyu, nhasi, ipapowo nemi muchaonekwa pamwe chete naye mukubwinya."* Ko, nhasi, Kristu arikurarama mauri here? Ko mhuri yenyu inoda here Mwari nomwoyo, nemweya uye nendangariro dzavo dzose. [Imi semhuri] munoda here vavakidzani venyu sokuzvida kwamunoita? ...Ndorevaka vaya vepa nekisi door, paimba iyo iri pazasi, kana ivo vari kune dzimwe nyiko. Zvinotevera ndezvimwe zvingaitwa, kurarama upenyu hwakavandudzwa patinodai kugadzirira kudzokazve kwaJesu:

Rindira! Ndaasa Kuwana Wakarara!

Hatizivi zuva nenguva yokudzoka kwake, asi Jesu vakatipa rayiro iri pachena, yokuti tirambe takarinda. Akati izvo rindai! Ko izvi tinozviita sei chaizvo izvo? Zvakakosha kwazvo kuti tirambe tichiziva izvo zvirikuitwa naMwari munzvimbo dzakatitenderedza. Zvinoreva kuramba takarira kuicho chakavanzika, chirehwa kuvaKorose 1:27, *"Kristu mamuri, tariro yokubwinya."* Dzedu nzeve ngadzirambe dzakateerera kwaari kuti tigorarama upenyu hwakatwasanuka. Kana takadzika midzi munaKristu, munova ndimo matinorarama, matinofamba uye matigere, tichagarawo takamuka kuneizvo zvaanoda kuti tiite. Hatizowanikwi tichizamura kana kukotsira pabasa. *"Naizvozvo, garai makagadzirira nokuti hamuzivi zuva iro Ishe wenyu achauya naro"* [Mateo 24:42]. *"Naizvozvo garai makagadzirira nokuti hamuzivi musi kana nguva"* [Mateo 25:13]. *"Naizvozvo rindai nokuti musi unouya muridzi weimba, zvimwe madekanwa, kana usiku, kana pakurira kwejongwe, kana mambakwedza. Zvandinotaura kwamuri, ndinotaura kuvanhu vose ndichiti, 'Rindai!'"* [Mako 13:35-37]. Ukaona Shoko Dzvene rikaramba richidzokoradza chinhu chimwe chete, munongedzo wokuti Ishe varikuisa ukoshi pazviri. *"Naizvozvo rambai makarinda..."* manzwi atinopiwa somurayiro uye tinofanira kuateeresesa nokuaita.

Ko tingava nechokwadi sei uye chaizvo-izvo chokuti dzimhuri dzedu hadzizowanikwa dzakakotsira Ishe Jesu pavanodzoka. Ko tingakurudzirana sei kuti tigare takarinda? Ngatirambei tichitaura nokukuru-kura nezviri kuitika. Zivai nguva dzamuri kurarama. Iko zvino zvizhinji zvirikuitika, sedzitsaona, hondo kutambudzwa kwevanotenda nezvimwewo zvakadaro. Taurai pamusoro pezvinhu izvi muri pamwe chete semhuri uye nokuti zvinorevei kwamuri semaKristu. Zvinhu izvi hazvifaniri kuti tyisidzira asi kuti mutsa nokutichangamutsa – kugara takataririra kushanda kwaMwari. Vana ngavagare vachiziva zvirikuitika uye dzidzai kupa minyengeterero inofambirana nezvirikuitika. Minyengetero yenyu ngaibve kuruzivo rwakadzama hwezvirikuitika pasi rose. Imwe nzira yakanaka yokuita izvi kunyengeterera panguva yenhau. Garai makagadzirira nguva dzose kushumira kuna avo vanenge vawirwa nenzara, mafashamu, zvimvuramabwe, kudengenyeka kwenyika, ugandanga nedzimwe tsaona dzakadaro. SemaKristu, chijana ndechedu kuti tiwaridze chiedza apo pane rima. Taura taurai semihuri kuti mungabatsira sei avo vanoshaiwa – munyama kana mumweya.

Ramba Kuodzwa Nenyika

Tito 2:12 inoti, "Kurudzira nokutidzidzisa kuti tirambe zvinhu zvisina umwari nokuchiva kwenyika, uye tirarame upenyu hwokuzvidzora, hwokururama uye hwoumwari munguva ino, takamirira tariro yakaropafadzwa, kuonekwa kwokubwinya kwaMwari wedu mukuru noMuponesi, Jesu Kristu akazvipo nokuda kwedu kuti atidzikinure kubva pakuipa kwose, nokuzvinatsira vanhu vari vake chaivo, vanoshingairira kuita zvakanaka." Kune zvinhu zvizhinji zvinoparadza upenyu hwevana vedu nhasi. Satani annovavarira kwazvo kuvapinganidza,

(Inoenderera Mberi Papeji 12)

(Kubva Papeji 11)

kuvadzorera mumashure uye kavaremadza. Anokandira zvose zvaanogona munzira dzavo ane chinangwa chokuvakanganisa. Kuti uvhari dzire mano mano adhiyabhori aya, fundisa vana vako kuti vabatikane muzvinhu zvine chokuita noumambo. Kana vachipedza nguva yavo yakareba vachitamba pamaKombiyuta, vakaraira zvidzangaradzimu kana kungotaura zvisina maturo parunhare, iko zvino yave nguva yokuti uvaudze kutaura nokuita izvo zvinofadza Mwari, uye vabatsire kuti vaone kuti zvimwe zvinhu zvavanoita zvinokwaniso kusafadza Mwari. Dzimwe nguva ushamwari hwevana vedu hunokwanisa koodza tsika dzakanaka uye muvengi anokwanisa kuhushandisa kusundidzira vana vedu munzvimbo dzisina kunaka uye kuvatungamirira mumiedzo yokusiya nzira dzaMwari. Batsira vana vako kunanzerera misiyano uye vape sarudzo dzichaita kuti varambe vakanamatira, samatavi, pamuzambiringa – Anova Iye Jesu Kristu. Vape nzira dzine ungwaru dzokuti "Kwete" kuzvose zvisina umwari. Vadzidzise kutsvaga uso hwaMwari vasati vatora nhanho dzakakosha muupenyu hwavo. Ramba uchivarangaridza kuti Shoko raJehovha nderechokwadi [2 Samueri 7:28], uye kuti Ishe vakavimbika pazvitsidzo zvavo zvose uye vane rudo kuzvinhu zvose zvavakaita [Ps. 145:13].

Imwe nzira iri pamusoro inobatsira kuti vechidiki nevana varambe vakabatirira paMuzambiringa kuvapa basa rokuita roushumiri. Vabatsirei kutsvago nzira dzavangaratidza nadzo rudo rwaKristu kuvamwe. Izvi zvakaita sokubatsira pasina mubayiro misha inochengetwa vakwegura uye nherera, kana kupawo zvokudya kune vanoshaya, uye kunyengeterera avo varikushanda basa raMwari kana hama dziri murima rezvivi. Kune nzira dzakawanda kwazvo dzingashandiswa nevana mukushumira nokuva maoko netsoka dzaJesu. Basa nderedu isu savabereki kubatidzira vana vedu kubasa raShe uye kuti vagokwanisa kumisidzana nemiedzo yenyika.

Tendeukai Kuzvivi Muwane Nguva Yokuvandudzwa

"Tendeukai zvino uye mudzokere kunaMwari, kuitira kuti zvivi zvenyu zvidzimwe, kuti nguva dzokuvandudzwa dzinobva kuna She dzisvike uye kuti atume Kristu, iye akagadzwa nokuda kwenyu iyeJesu. Anofanira kumboramba ari kudenga kusvikira nguva yokuti Mwari avandudze zvinhu zvose yasvika, sezvaakavimbisa kare kubudikidza novaprofita vake vatsvene" [Mabasa 3:19-21]. Somubereki hapana chinhu chakakosha kudai sokuunza vana vako kukutenda kunoponesa kuri munaKristu Jesu. Semhuri rambai muchitaura nezvekukosha kwokuziva Jesu, zvisinei nezera revana kana zvizukuru. Kana uri mudzidzisi wevechidiki kana kushanda navo, zvakakosha kuti ugare uchivananzvisa manzwi oruponisa panguva iri ipi yaunenge wawana.

Semhuri fundai kureurura zvivi nezvitadzo mumwe kuno mumwe uye kunyengetererana. *"Naizvozvo reururai zvivi zvenyu mumwe kuno mumwe uye munyengetererane kuti mugoporeswa"* Minyengeterero yevanhu vakarurama ine simba uye inoshanda [Jakobho 5:16]. Uye *"kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama uye achatikanganwirawo zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose"* [1 Johani 1:9]. Kana takacheneswa muzvivi zvedu, tinowana nguva yokuvandudzwa – nguva yakanakisa apo tinonyudzwa murudo rwake, rugotiita vakazara, vatsva uye vakacheneswa. Dzidzisa vana vako [kana vazukuru vako] zvazinoreva kuva nemweya wokuzvininipisa pamberi paMwari. Inzwa, kupupura kwoga kusina ketendeuka nokuzvininipisa hakufadzi Mwari – angori manzwi asina mabasa – kwakafa!

Ndapota usamirira kana kutyira vana vako, une pfungwa yokuti ndichazoparidzira kana vakura. Unofanira kuva mugariro nomuraramiro wemhuri yenyu kuti Jesu ndivo Muponisi naIshe woupenyu hwenyu neimba yenyu! Usazviregeredza uye kuva nemifungo yokuti haiwa nguva iripo apo uchaita kuti vafunge zvakadzama mumwoyo yavo...rangarira, hauzivi musi nenguva yokuuyazve kwaJesu. 2 Petro 3 vhesi 9-10 inoti, *"Ishe haanonoki kuita zvaakavimbisa, sokunonoka kunonzwisiswa nevamwe. Ane mwoyo murefu nemi, haadi kuti ani zvake arasike, asi kuti vose vatendeuke. Asi zuva raShe richauya semhavha. Matenga achapfuura nokutinhira; zvirimo zvichaparadzwa nomoto, uye nyika nezvose zviri mairi zvichabudiswa pachna."*

Gadzirira vana vako kuti vanzwe manyukunyuku nezvomusha wave uri kumusoro, kupfuura wepana pasi. *"Nyika yedu iri kudenga. Uye takamirira Muponesi anobva ikoko iye Ishe wedu Jesu Kristu"* [VaFiripi 3:20].

Gara Wakagadzirira

Patinotaura nezvokuuya kwJesu mudzimba dzedu, zvakakosha zvikuru kuti titaure nemararamiro atinofanira kuita. Patinodzidza Shoko raMwari richatibatsira paduku nepaduku kuona izvo zvitinofanira kuita, zuva risati rasvika. *"Ngatifarei tifarise uye timurumbidze! Nokuti mutambo wokuwana weGweyana wasvika, uye mwenga waro azvigadzirira"* [Zvakazarurwa 19:7]. Tarisisa, vhesi iri hariti iro Mwari ndivo vachaita kuti tigadzirire. Zviripachena, rinotiudza kuti "mwenga waro akazvigadzirira." Asiwo zvakakosha kuti tione kuti izvi hatizozviiti nesimba redu uye kuti pagadziriro iyi panofanira kuva neminyengetero. Mimwe minamato kudzimhuri dzedu ndeiyi:

1. Nyengeterera kuti Mwari vaite mhuri yenyu ive tsvene sezvo iye ari mutsvene: *"Hama dzinodiwa, zvino tiri vana vaMwari, uye zvatichazova zvichigere kuzivikanwa. Asi tinoziva kuti paachaonekwa, isu tichafanona naye naye, nokuti tichamuona sezvaari. Mumwe nomumwe ane tariro iye maari anozvichenesa, sezvo iye akachena"* [1 Johani 3:2,3].

2. Nyengeterera kuti Mwari vasimbise mwoyo yemhuri yako kuti mugova vatsvene vasina chavanopomerwa pamberi pake: *"Ngaasimbise mwoyo yenyu kuitira kuti mushaiwe chamunopomerwa uye muve vatsvene pamberi paMwari wedu naBaba vedu pakuuya kwaIshe weduJesu navatsvene vake vose"* [1 VaTesaronika 3:13].

3. Nyengeterera kuti Mwari vatsaure mhuri yenyu muitwe vatsvene pabasa rake: *"Mwari pachake iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweyo wenyu wose,*

(Inoenderera Mberi Papeji 13)

(Kubva Papeji 12)
nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisino mhosva pakuuya kwaShe wedu Jesu Kristu" [1 VaTesaronika 5:23].

4. Nyengeterera *"...kuti rudo rwenyu ruwande uye muwanze kuziva nokunzwisisa, kuitira kuti mugogona kunzwisisa kuti zvakaisvonaka ndezvipi uye muve vakachena uye mushaiwe chamungapomerwa kusvikira pazuva raKristu, muzere nechibereko chokururama chinouya kubudikidza naJesu Kristu, kuti kubwinya nokurumbidzwa zvive kuna Mwari"* [VaFiripi 1:9-10].

5. Nyengeterera kuti mhuri yenyu *"Igare upenyu kwakanaka pakati pevahedheni, kuti kunyange vachikupomerai mhosva vaone mabasa enyu akanaka vagokudza Mwari pazuva raanotishanyira"* [1 Petro 2:12].

6. Nyengeterera kuti mhuri yenyu *"...itevere kurarama, umwari, kutenda, rudo, kutsungirira nounyoro. Irwa kurwa kwakana ka kwokutenda. Ubatisise upenyu husingaperi hwawakadanirwa kwahuri pawakapupura kupupura kwakanaka pamberi pezvapupu zvizhinji. Ndinokurayira pamberi paMwari, kuti uchengetedze murayiro uyu, usina chinongo kana chaungapomerwa kusvikira pakuonekwa kwaShe wedu Jesu Kristu, uyo achazoratidzwa naMwari panguva yake iye Mwari, iye oga mutongi akaropafadzwa, Mambo wamadzimambo naIshe wamadzishe. Iye oga ndihye asingafi uye agere pachiedza chisingaswederwi, uyo asina akamboona kana angamuona. Kukudzwa nesimba ngazvive kwaari nokusingaperi. Ameni"* [1 Timoti 6:11-16].

7. Nyengeterera kuti mhuri yenyu ive nemwoyo murefu mumwe kwomumwe uye kuti vasanyunyutirana: *"Zvino hama dzangu ivai nomwoyo murefu kuzvikira pakuuya kwaShe. Tarirai mamimiriro anoita murimi kuti aone chibereko chinokosha chenyika uye kuti anoita mwoyo murefu sei pakumiriro kwake mvura yomunakanwe nemvura yamatsutso. Nemiwo, ivai nomwoyo murefu uye mumire nesimba, nokuti kuuya kwaShe kwava pedyo. Musanyunyutirana, hama dzangu, kuti murege kutongwa. Mutongi amire pamusuo!"* [Jakobho 5:7-9].

Kim nemurume wake Dave, ndivo vakatanga sangano rinonzi Harvest Prayer Ministries numa Mbudzi wa1992 vaine chinangwa chokubatsira maKereke kuti ave dzimba dzomunyengetero. Varizve pautungamiri hweGospel Revival Inc. iro rinodhinda pepa reHerald of His Coming. Vanogara kuTerre Haute, kuIndiana, kuAmerica. Vane vanakomana vaviri, mumwe wavo akaroora atove nemwanasikana. Kim anoti iye vhesi yavanofarira zvikuru semhuri ndiMapisarema 27:4.

Tonyengeterera Mutsurudzo

naBessie Porter Head

O! Mweya woupenyu, uya utsvaire pakati pedu,
Yako Kereke mutsiridza neupenyu uye nesimba;
O! Mweya woupenyu, uya, chenesa utiite vatsva zvedu,
Paino nguva, yako Kereke ukwanisire nesimba!

O! Mweya waMwari, uya utikombamise nokutivhuna,
Kusvikira mukuzvininipisa zvatinoda tareurura;
Muunyoro hwako utiite vatsva seeshiri manyana,
Mutsiridza, dzoredzera, ingawani tanyengetera!

O! Mweya worudo, uyo ufemere imo matiri,
Mifungo, kwedu kuda nemwoyo ushandure;
Uya, iwe Rudo rwaKristu, patsva utitore,
Munazvose umutsiridze rako Sangano iri!

O! Mwoyo waKristu, uyo wakaputsikiresu,
Apo patiwana kusimbiswa nezororo isu,
Yakaputsika nokupwanyika yedu mwoyo yozorora,
Chiita yenyu Kereke ikomborerwe yakamirira!

Timutsiridzei nhai Ishe! Kushingairira kwoderera here,
Yatochena kuti ikohwiwe, iyo minda yakakura?
Timutsiridzei nhai Ishe! Nyika yakatimirira;
Chishongedzai yenyu kereke, chiedza iparidzire

Mharidzo yaJesu muZvakazarurwa

"Akaropafadzwa" uyo anoverenga mashoko ouporofita uhu, uye vakaropafadzwa avo vanohunzwa uye vanochengeta pamwoyo yavo zvakanyorwa imomo, nokuti nguva yava pedyo [Zvakazarurwa 1:3].

"Vakaropafadzwa" vakafa vanofira muno She kubva zvino, nokuti vachazorora uye mabasa avo achavatevera [Zvakazarurwa 14:13].

"Akaropafadzwa" uyo anogara akasvinura uye anochengeta nguo dzake, kuti arege kufamba akashama uye afukurwe zvinonyadzisa [Zvakazarurwa 16:15].

"Vakaropafadzwa" avo vanokokwa kuchirairo chokuwana cheGwayana iye akatizve, *"Aya mashoko echokwadi aMwari"* [Zvakazarurwa 19:9].

"Akaropafadzwa" uyo anochengeta mashoko ouprofita huri mubhuku iri. Tarirai, ndinokurumidza kuuya [Zvakazururwa 22:7].

"Vakaropafadzwa" avo vanosuka nguo dzavo, kuti vave nesimba rokuuya kumuti woupenyu uye vagopinda muguta napasuo [Zvakazarurwa 22:14]

"Vakaropafadzwa" avo vano mugove pakumuka kwokutanga [Zvakazarurwa 20:6].

Shuvira-Kuuya KwaShe Wedu

Jesu vakati, "*Tarira ndinokurumidza kuuya. Ameni. Uyai Ishe Jesu*" [Zvakazarurwa 22:20] Apa Ishe varikutaura zvakazara nezvokuuya kwavo, uye hana yakatendeka inodavira nemunyenge tero mukuru kukuuya kwake

Munyengetero

Munyengetero ishuviro yokusunungurwa kubva mumatambudziko, kwavatsvene. Vatsvene vazhinji varikutambudzika zvikuru nhasi. Vatendi vazhinji vari kushungurudzwa nokutambudzwa zvinosiririsa uye vamwe vachiuurawa zvineutsinye hunotyisa. Munyengetero uyu [Ameni Uyai Ishe Jesu] kuchemera kwavo rusununguko.

Kugara kwataita, kwemokore akawanda, munyika isina kushungurudzwa, tonokurukura – oh takarivara zvikuru – Tinotobvunza zvedu "Ko kereke ichakwanisa here kubuda mukutambudzwa kukuru kuri kuuya?" Pano kuti tibvunzane, zvine tsitsi uye tichirevesa, "Ko vari munyika dzine udzvanyiriri vakristu vanonzwa seiuye kuti vachapukunyuka here?" Zvirinyore kuti vatendi vasvike pachinhanho, zvimwe nokuda kwokudzidza kwavo kwakamonyanamonyana kana kuda maune, chavanotora kutambudzika uku kusingatsanangurike, vachiti, " Aiwa kwete hakusiriko kutambudzika kukuru kunorehwa mushoko raMwari." Hazvishamisi, chikonzero nei Shoko richitiyambira nezavengozi huru yemoyo yakaoma. Nhengo zhinji dzeMuviri wakristu, munyika dzeudzvanyiriri varikutambudzika zvikuru. Chokwadi uku ndiko kutambudzika kukuru. Murungano rwekereke, mamwe mapazi ayo ari kupfuura nemumatambudziko makuru. Rimwewo bazi ririkuzviungani dzira vadzidzisi vanovapaka nedzidziso dzakatsveyama pamuso pokutambura kukuru. Nyaya yakadai haisi yenhambe tambe nayo. Inyaya inofanira kuti sundidziro kuminyengetero mikuru uye inobva pamwoyo kuavo vanotambudzika. Varikudanidzire kusununguruwa. Kusununguruwa kune rufaro kuchava kwavo paanodzoka. "Uyai, uyai, Ishe Jesu."

Munyengetero ishuvira kumusha yomufambi. Mutendi ari muenzi pane ino nyika. Arikupfuuria. Musha wake uri kudenga. Pano haana guta raachagara, anotsvaga iro richauyo. [Rinova iro Guta Dzvene, Jerusarema idzva, richaburuka kubva kudenga, richibva kuna Mwari]. Dzimwe ngura rwendo rwake rune minzwa, dzimwe nguva nzira dzake dzinotsvairwa-tsvairwa nezvamupupuri. Mufambi ndipo zvino paanotura befu guru achishuwira, *"Uyai, uyai Ishe Jesu."*

Munyengetero Ishuvira zororo kumurwi. *"Semurwi akanaka waKristu Jesu"* [2 Timoti 2:3], muKristu ane hondo dzokurwa, kukunda kunofanira kuwanikwa, mipiro inofanira kupirwa nemorwadzo ekutsungirira. Hazvishamisi kuti iye, nedzimwe nguva, anodokwairira kudzokazve kwaIshe, *"Uyai uyai Ishe Jesu."*

Munyengetero chishuwo chomudiwa kumudiwa. *"Unondido zvechokwadi here?"* Ndiwo mubvunzo wa Tenzi. Yakanyorovera, *"Hongu, Ishe, munoziva kuti ndinokudai"* ndiyo mhinduro yomutendi [Johani 21:15-18]. Mukristu anoda muponisi wake, *"uyo akatanga kutida"* [1 Johani 4:19]. Mudiwa wechokwadi haafari kuva kure neuyo waanoda. Muneshuviro muhana yakeyekuva pedyo pedyo nomudiwa wake. Mweya womutsvene, ido zvino, unoshuvira huvepo hwoMuponisi wake, uye muhevepo utsvene ihwohwo ane mwiaka yekuvandudzwa. *"Tarira ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika"* [Mat 28:20]. Asi mutendi haashuviri chete nekufarira ukama naMponisi paurwu rwendo, anoshuvira kumouna sezvaari. Mudiwa ari mukubwinya uye muKristu anoshuvira kudzokazve kwomuponiai. *"Uyai, uyai Ishe Jesu."*

Munyengetero Uchadavirwa

Ishe varikuuyazve. Varikuuya: *"Hongu ndinokurumidza kuuya."* Hatitarisiri mumwe. Uyo akazvarirwa muBeterehema, akagara pakati pavanhu; uyo akafa pamuchinjikwa nokuda kwezvivi zvedu uye akamuka kuvakafa – ndiye atakatarisira. *"Iyeyu Jesu abviswa kwamuri achienda kudenga, achadzokazve"* [Mabasa 1:11]. Hapana kutandabuza nechiitiko ichi chinobwinya. Ishe vakati vari kuuya, uye vakavimbika uye chapupu chakatendeka. *"Uyai uyai Ishe Jesu."*

Vachauya Sei. Havasi kuzodzokazve muchidyiro sapakutanga, kwete kuupenyu hwomurwere wepanyika; kwetezve pamuchinjikwa. Vachadzoka mukukunda. Kupembera kukuru kuchamuchanzwikwa .hwamanda *icharirira zvikuru, nenzwi romutumwa mukuru uye nokurira kwehwamanda yaMwari"* [1 Vatesaronika 4:16]. Kubwinya kwechiitiko ichocho kuchapfuura yose mifungo.

Kudavirwa kwomunyengetero kuchazadzisa chishuwo chehana yomuKristu. Pavachauya, Ishe vedu, zvinhu zvikuru zvichatora nzvimbo uye chimwe chazvo chichawedzera kugutsikano yomutendi akamirira. Pachava nokuzadzikiswa kwomunyengetero wumutendi wose.

Paachadzoka Ishe wedu pachava nokumuka kunokunda. Rufu rurikutonga nhasi. Nyika yose munda wamarinda. Asi Mutongi Ishe wedu vakakunda utongi hwerufu. *"Ichokwadi! Ishe amuka"* [Ruka 24.34]. Rega kuchema kuene nemufaro. "Kuripika kukunda kwake iwe rufu, Ruripiko rumborera rwako iwe rufu?" Haleluya. Vatsvene vachasimuka nokukunda pamusoro perinda.

Pachave nokutambirwa. *"Ndichadzoka nodozokutorai kuti muve neni, kuti nemiwo mugova kwandinenge ndiri"* [Johani 14:3]. Tarirai mutsvene anotambura, mufambi aneta, murwi akazodzwa ropa. Kutambura kwavo kune maturo here? Ko ndevanhu vekungosuwa chete here? Kuti uwane mhinduro tarira kukuuyazve kwalshe. Iye ndiye achagamuchira vatsvene vake. Heuno mufaro pfachu usingatsananguriki. Mhere isingakosoreki. *"Nokuti, ndinoti matambudziko atinawo nguva ino haana kufanira kuenzaniswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri."* [Varoma 8:18]

Pachava neKorona. Muponisi pavachauya, mutsvene wose anofaira kuonekwa kwake vachawana korona isingaperi. *"Zvino ndakachengeterwa korona yangu yokururama, yandichapiwa, nalshe, mutongi akarurama pazuva iro, uye kwete ini ndoga, asiwo nokuna vose vanoshuva kuonekwa kwake"* [2 Timoti 4:8]. Ndiyani angarubata rwose rufaro rwezuva iri rekorona. Funga kusafanira kwevanoigamuchirara iyi korona! Zvisinei vachawana korona nekuda kwekufarira kwavo kudzoka nekuonekwazve kwake. Tariraiwo nhai vehama rudo rwake

rukuru uye runoshamisa! Bva pane chinoshamisa,chinotyisa uye chinokatyamadza, chinopikisana zvikuru neurwu rudo rwaMuponisi wedu – chishamiso chokuti isu vatsvene hatidokwairiri, nokunyengeterera zvikuru kuuyazve kwake. Shuviro yedu inoita sepfari [nhutu], uye minamato yedu yakatonhora nemhaka yokuti hatinyatsofarira kuonekwazve kwaIshe wedu.

Pachave neKubwinya. Vose avo vanofarira kuonekwa kwake, vachamutswa, kugamuchirwa, kupiwa korona uye kuvandudzwa vagofanana naye. Haleluya tarirai kunaka kwakadai! Iye, *"achavandudza miviri yokuninipisa kuti ifanane nomuviri wake wokub winya"* [Vafiripi 3:21]. *"Zvatichazova zvigere kuzivikanwa. Asi tinoziva kuti paachaonekwa, isu tichafanana naye, nokuti tichamuona sezvaari"* [1 Johani 3:2]. Chishuwo chose chehana inotendo ndopachazadziswa. Pane izvi munyori kumapisarema anoti, *"Zvino ini mukururma, ndichaona chiso chenyu; pandinomuka ndichagutswa nokuono mufanonidzo wenyu"* [Mapisarema 17:15].

Tichagutsikana zvikuru uye narini, nokuti tichava naye muponesi wedu, tichamuona uye tigofanana naye! Dai Mweya Mutsvene vakaita kuuya kwake icho chinoonekwa, chinobatika, kuti mwoyo yedu igochema murudo rwakadzama, nokuperera nekushuvira kukuru – "tichinzwa aya manzwi" – *"Handei mudiwa wangu, uite semhara kana setsvana pamusoro pamakomo azere nezvinonhuhwira"* [Rwiyo RwaSoromoni 8:14].

Kubva mumagazini ye The Prophetic News.

Rumutsurudzo Munguva Yokuguma?

Zviratidzo zvizhinji zviri kunongedzera kukuuya kwaKristu kuzotonga dzinyika dzose uye kuzodyara hwake umambo pano pasi. Ishe wedu nevapositori vavo vakatiyambira kuti kutsauka, kushupika nokutambudzika kuchatangira kuuya kwake. Zvakazarurwa chitsauko 13 inotiudza zviri pachena kuti mutongi mbimbindoga wepasi rose, uyo anozivikanwa seChikara, achatora masimba munguva yenyonga – nyonga uye achamanikidzira, agopihwa ruremekedzo nokunamatwa nenyika dzose. Asika hutongi kwomunhu hwave kusvedera kumagumo; tsoka dzedare revhu dzavekuzoputswa-putswa. Jesu vave pedyo kuuya.

Kune mamwe maKristu anotendera kuti hakuchafizve kwakaonekwa mutsurudzo huru Ishe vedu vasati vadzoka. Vanotinongedzerera kukura kwokutsauka kwavazhinji nokusaruruma kuripo. [Haiwa kanapo izvi zviripachena uye tichizviona, asi tinokarira mutsurudzo huru pamweya iyo ichagadzirira maKristu ezvokwadi kunochingamidza nokutambira Kristu mumakore paanodzoka. Mutsurudzo iyi haisi kuzoponese umambo huripo nhasi, sezvo hwadai kusvika kwamvura yecheka makumbo, asi ichaponesa mweya uye nokutsaurira vatsvene.

Mutsurudzo yemuMabasa Avapostori chitsauko 2 haina kuvharidzira kupwanywa kweJerusarema, nenyika yavaJudah mugore ra A.D. 70, asi yakaponese zviuru nezviuru zvemweya uye ikatapidzira rimi reMweya mutsvene iro risati radzimurwa nanhasi. [Zvakare] tinofanira kukarira mutsurudzo nokuti yakavimbiswa mumazuvaano atiri okuguma [VerengaJoeri 2:28].

Kanapo Satani arị mubishi rokunyengera kuputsa-putsa nekudzoredzera vazhinji, Mweya Mutsvene nawowo uri kushanda zvikuru mazuvaano. Kudhonzerana kunotyisa kuripo nhasi pakati paKristu naantiKristu. Asika sokuziva kwedu magumo acho kuchave kukunda kwakaperera kwaMuponesi wedu, uyo asina kumbobvira akundwa pakurwa.

[Uyai mose imi vatsvene] tizvipire patsva kuna Mwari vedu, tichitsvagisisa mutsurudzo yomumwe nomumwe. Ndizvo kana tichinge takazadzwa neMweya, takasimba mukutenda, tichabatsira zvikuru kuunza, muino nyika, mutsurudzo yokuguma uye tichachengetedzwa takatendeka pakuuya kwaShe wedu. Kereke yakatangira mumutsiridzo uye ichagumirezve mumutsiridzo; yakatangira uye ichagumira mukutambudzwa kukuru; yakatangira mukukunda kunopfuurisa uye ichagumirazve mukukunda. Jesu ndivo vakabata ushe! Ndivo vari kutonga! Ngati "farei nguva dzose [isu vatsvene]tirambe tichinyengetera, uye tichivonga pazvinhu zvose" [1 Tesaronika 5:16-18]. Tinovimba naMwari; daiwo Mwari vakwanisa kuvimba nesu!

naMajor Allister Smith. Kubva muLiving Water ne The Herald of Hope.

Bhaibheri...

Rakatakura mifungo yaMwari, chimiro chemunhu, nzira yoruponiso, maperero evanotadza uye mufaro wevanotenda. Dzidziso dzaro dzitsvene, mirairo yaro yakakwana, ngano dzara ndedzechokwadi uye mashoko aro haashanduki. Riverenge, uchawana njere, tenda kwariri uchapona, ito zvarinotaura ugova mutsvene. Rine chiedza chokukutungamirira, kudya kunogutsa uye nyaradzo dzinokusimudzira.

Munongedzo kuariparwendo, mudonzvo kumujambi, munongedzo kumuchairi, monondo kumurwi uye chitenderano kumutendi. Mariri Paradhiso inodzorerwa, Denga rinozarurwo uye masuwo eHadhesi anoshaiswa simba.

Kristu ndiye musroro wenyaya, rakamisirwa kunaka kwedu uye kukudzwa, nokubwinya, kwaMwari ndiwo magumo aro. Ngarizadze ndangariro, ritonge mwoyo uye ngaritungamire tsoka dzako. Riverenge zvinyoro-nyoro, nguva iri yose uye uchinyengetera. Mugodhi woupfumi, iparadhiso yokubwinya uye chitubu chokugarika. Rapihwewe muupenyu, richazarurwa pazuva rokutongwa uye richarangarirwa nokusingaperi. Rinobatanidzira kutumwa kukuru, richapa mubayiro kune mushandi mukuru uye richapa mhosva kune anochapaza mitsetse yaro inoera. [Kubva muGideons International, New Testament Bible.] *"Murayiro waJehovha wakakwana unomutsiridza mweya. Zvirevo zvaJehovha zvakavimbika, zvinopa njere kuna vasina mano. Zvirevo zvaJehovha zvakarurama, zvinopa mufaro kumwoyo. Murayiro waJehovha unopenya, unopa chiedza kumaziso. Zvakatongwa naJehovha ndzvechokwadi uye zvose zvakarurama. Zvinokosha kupfuura goridhe, kupfuura goridhe rakanatswa; zvinotapira kupfuura uchi, kubfuura uchi hwabva muzinga. Muranda wenyu anoyambirwa nazvo; pakuzvichengeta pano mubayiro mukuru"* [Ps. 19:7-11].

HALELUYA KUMHARIDZO!

Tsamba Kubva Kuvaverengi...

Ratidzo yokushanda kwesimba rinobva kumusoro

Gweru

Ndanyora iyi tsamba kuti ndikuzivisei kuti bepa renyu reMharidzo rinondidenha zvikuru. Pandinongoriverenga chete ndinonzwa ndichipesvedzerwa pamwe nokumutsidzirwa pamweya. Chokwadika bepa **reMharidzo** chishamiso chakaitika mukati muupenyu hwangu...

Bulawayo

Ndinokutendai nebepa renyu **reMharidzo**. Bepa iri ririchikomborero chikuru muupenyu hwangu. Ndapota rambai muchinditumira **Mharidzo Yokuuya Kwake**. Kwandiri Mharidzo chitubu chemvura mugwenga. Zvokwadi mipupuri nemheterwa ngairire kubasa guru ramurikuita. Hekanhiwaro.....

Kuwadzana

Ndinoda kukutendai zvikuru nekunditumira Mharidzo. Bepanhau iri randibatsira zvikuru panyaya yeminamato. Rinondikurudzirawo zvikuru mukudzidza Shoko raMwari. Mwari ngaropafadze basa renyu guru. Verengaipo Va – 1 Korinde 15:58...

Chinhoyi

Pepanhau reMharidzo rekandi kosherazvikuru. Ndokatanga kuriverenga makore ane gumi nemanomwe (17) apfuura apo ndanga ndichiri kuchikoro. Iko zvino ndatove baba wevana vatatu uye ndavezve Mfudzi (Pastor) wemaAssemblies of God Church... Chikomborerwa cheMharidzo, chakandishongedza, chikandigutsa, chikandikurudzira zvekuti nanhasi ndichingori pasi pouzodzwa wepepa iri .Munamato wangu ndewokuti dai Mwari aramba achikubatsirai kudhinda iri pepa. Vazhinji kwazvo muno muZimbabwe vave kuziva Kristu kubudikidza nepepa renyu. Mazvita.

Chipinge

Ndinotenda Mwari zvikuru nomutumwa wakaisvonaka we**Mharidzo**. Ndinofadzwawo zvikuru apo ndinoriverenga uye ndinonzwa Mwari achitaura neni kubudikidza nepepa renyu. Chokwadika mharidzo yakanyururwa kubva muMweya uye razadzwa naMwari. Moto ngauwedzerwe.

Mutare

Dzakanaka sei tsoka dzavanouya namashoko romufaro wezvinhu zvakanaka.... zvechokwadiwo pepanhau **reMharidzo** rine mashoko omufaro ezvinhu zvakanaka. Nai zvozvo ndinoti kwamuri mose ewo-oi rambai makashinga. Amen!

Harare

Ini ndiri murume ane makore makumi matatu nematanhatu (36) uye ndine vana vaviri. Ndiriwo muShandi kuDefence Forces of Zimbabwe. Munguva yapfuura ndakapihwa bhokisi raiva nemapepanhau akawanda kuti ndinopisa. Ndiri mushishi saizvozvo rokupisa iway mapepa ndakasangana neMharidzo yemakore mazhinji apfuura. Kanapo zvaro rakanga risisina mamwe mapeji pepanhau iri rakandidenha nokundisimudzira zvikuru. Ndakanzwa ndichisimbaradzwa uye ndakapirazve upenyu hwangu kuna Kristu ipapo. Bepa renyu rinokomborera chose. Ndakaripawo kune vamwe vadikanwa navowo vakakomborerwa zvikuru. Ndaikumbirawo kana zvichibvira kuti munditumirewo pepa iri nguva dzose.

Chikumbiro Kuvaverengi!

Bepanhau reMharidzo ringafara zvikuru kana rikawana tsamba dzinobva kwauri. Ndapota tumirai tsamba dzenyu muchitiudzawo kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupakurirai uye nezvamunokarira kuti dai zvawedzerwa nokuitwa. Tiudzeiwo kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti ari kushandawo sei mumasangano enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero. *"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare... Nokuti ndipo Jehovha akaraira kuropafadza kwake, ndihwo upenyu husingaperi"* [Ps. 133:1,3]. Tumirai tsamba dzenyu pakero inoti:

Mharidzo Yokuuya Kwake
1257 Emganwini
P.O. Nkulumane
Bulawayo
Kana pa: mharidzo4Him@yahoo.com

Chivi nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].